Dalem geus tamplok kapercantenanana; saperkara lantaran Mantri Jero teh geus kauninga kalempenganana, kadua perkara karaos kabelaanana kana salirana. Bawaning ku katarik asih ka Den Yogaswara, Pangawulaan teh lali bae yen aya deui nu ku anjeunna peryoga dipasrahan kapercayaan, nya eta Mas Anggataruna, dumeh geus sakitu lilana kumawulana tur sakitu ku anjeunna dipisepuhna. Jeung deui ti jaman eyangna keneh oge nu dipasrahan sagala rupa hal rumah-tanggana teh Ki Jurusimpén, tapi naha ari ayeuna Pangawulaan henteu emut. Atuh Mas Anggataruna teh beuki nyungkelit bae hatena, panas ku Mantri Jero. Eukeur mah geus ngewa ti bareto, ari ayeuna aya lantaran, atuh geus taya papadana bae ijideunana Jurusimpén ka Raden Yogaswara teh, malah nepi ka sumpah dina hatena, moal weleh neangan akal, sangkan bisa males kanyeri ka Mantri Jero!

Barang geus ninggang kana waktuna, sarta geus sadia cacandakanana, bral Pangawulaan angkat, garwa-putra henteu tinggal, sumawonna rencang mah, aya jelema opat puluh kuren nu ngiring. Ngan selir hiji nu teu dicandak teh, nya eta garwa parekan nu pangdipikaasihna, ngaran Nyimas Ratnawulan. Nu matak henteu dicandak teh lantaran Kangjeng Dalem ngaraos risi, dumeh kenging wartos yen menak-menak Mataram man tara kaop naringali nu luis-luis, sok tuluy dipundut bae, lamun teu mikeun, dipaksa. Ari Nyimas Ratnawulan sakitu mencrangna, kewes, gandes, parantes. Lamun katingali teh lapur, samar iasa kabawa deui mulih! Kangjeng Dalem oge ka eta mah parekan anu saurang, kacida gegemna, nepi ka geus sakitu lilana ayana di Nagara Tengah, loba keneh nu teu nyarahoeun, sabab salilana dipingit bae.

Saiengkarna Kangjeng Dalem, Mantri Jero geus prak ngajalankeun kawajibana, ngaroris kagungan-kagungan, nacahkeun rencang-rencang jeung ngatur pagaweanana. Kabeh panakawan taya nu baha, sabab nyaraho yen Mantri Jero teh ngajalankeun dawuhan Pangawulaan. Ngan Mas Anggataruna anu mantangul teh, sumawonna ngawula tea, tara mawa ngomong-ngomong acan, dibawa nyarita oge tara nembalan. Jurusimpén teh gawena ngan murukusuna be, malah ditukangeun man nyebutna oge ka Mantri Jero teh: si mantri manyang-munyang bae.

Taya deui panglumpatanana Mas Anggataruna teh kajaba ti ka saderekna nu jadi Kaliwon tea, ngadon ngabudalkeun kateungeunahna, omongna, "Naha akang teh mana nyeri-nyeri teuing ku si mantri manyang-munyung, boga rasa nu haat dipulang moha, nu asih dipulang sengit. Basa kakara datang mah si manyang-munyung teh jelema bulukusunun pisan, katambah jeung geuleuh keumeuh, matana oge carelong, meureun bawaning ku lila teu manggih kahakanan, wantuning jelema andar-andar nyatu sore henteu isuk! Ku akang teh dijeujeuhkeun, dibere pagawean, dijieun tukang kuda, henteu lila dijenengkeun jadi tukang epok; eta teh estu pamakihikeun akang. Tapi naha ari ayeuna, kena-kena geus jadi mantri, kacida gede huluna, lamun diturut mah kakarepanana teh rek ngutiplak, paingan aya babasan: piruruhan di katengah-imahkeun! Moal enya akang nu geus sakieu kakolotan, tur laas-laas oge urang teh aya keneh turunan, nepi ka daek dikutiplak ku cacah kuricakan, ku jelema katalayah, andar-andar urang curug ngebul!

Jeung eta teu kaharti ku Pangawulaan, naha nyolok mata buncelik teuing, kapan adi oge uninga, akang kumawula di lebet teh ti jaman eyangna keneh, naha ari ninggang di putuna jadi tambelar, nepi ka mercayakeun ka si manyang-munyung batan nyambat nu geus sakieu heubeulna kumawula, cek babasan mah ti ngongkoak nepi ka ngungkueuk jadi bebetek di lebet teh!"

Saur Mas Kaliwon, Yaktos, ana kitu akang teh lebet kana paripaos: jati kasilih ku junti, taman kaliung ku situ. Pangawulaan teh ngawur kasintu nyieuhkeun hayam: kula wedet ku anjeuna disapirakeun, ari deungeun-deungeun dipiseubeuhan!"

Mas Anggataruna, "Leres pisan kitu, ari akang mah teu ngeunah teh eta ku asa kacidana teuing dipilih-kasihkeunana. Eukeur mah akang teh asup kana paribasa: ngalintuhan kuda kuru, ari geus lintuh nyepak, katurug-turug ku nu jadi dunungan diteler-teler!"

Sanajan Mantri Jero ngawasa sapangeusi padaleman, kalkanana taya robahna, henteu ganti pileumpangan, sumawonna kokomoan mah teu pisan-pisan, anggur tambah ati-atina, sabab emutanana: leuheung keur aya nu kagungan, masing rek awut-awutan oge moal aya nu mangloh, ari ayeuna mah loba geusan

picilakaeun, wantuning dipencrong ku sarerea. Lamun aya kasalahan teh, sumawonna gede, sanajan leutik oge, tangtu dijajadi-keun, sajeungkal dijieun sadeupa. Eta sababna nu matak Mantri Jero teh saenyana mah ngarasa kacida beuratna dititipan padaleman teh, inggis batan maut hinis, beurat manan nyuhun momot tilu pikul. Ari ku nu teu nyaho mah katenjona siga senang bae, malah disangka gede kauntungan, dikira bisa sakama-kama, wantuning taya nu nyisikudi.

Ku sabab Mantri Jero teh jadi pangurus eusi padaleman, tangtu pisan sakabeh rencang, lamun aya pangabutuhna, mentana ka anjeunna. Kitu deui garwa parekan Pangawulaan, nu jenengan Nyimas Ratnawulan tea, mindeng pisan barang pundut ka Mantri Jero sarta kapaksa Den Yogaswara sumping ka bumina, saperkara ngalanglang bisi kumaha onam kadua perkara niten kaperluanana, wantuning tanggunganana.

Upama Mantri Jero sumping ka bumina, Nyimas Ratnawulan semu kacida bungahna. Jeung aneh, Nyi Parekan teh sok kacida siga misonona: lamun keur sasauran teh sok neutep bae ka Mantri Jero, kawas nu samar-samar.

### III

Hiji mangsa Mantri Jero sumping deui ka bumi Nyimas Ratnawulan. Nyi Parekan teh kawasna geus teu kuateun nahan kapanasaranana, pok bae naros ka Mantri Jero, "Punten bae embok teh sanes kumalancang, mung ieu hate teh weleh panasaran ka salira jurangan Mantri teh. Saha ibu-rama teh nu sayaktosna, margi dugi ayeuna embok teh teu weleh asa-asa?"

Walon Mantri Jero, "Naha nu mawi asa-asa, patepang oge anyar-anyar sareng naon nya kersa nu mawi mariksakeun pun biang sareng pun bapa?"

"Yaktos ari anyar pinanggih tea mah," saur Nyi Parekan, "nanging eta keureutan pameunteu sareng pasuruyan raray, saka-rupi pisan sareng salaki dulur embok, nu mawi aya emutan, jurangan Mantri teh kawasna sanes bibit buit di dieu!"

Saur Mantri Jero, "Yaktos bae, abdi sanes urang dieu, ti tidu

asal ti pagunungan!”

Nyimas Ratnawulan, ”Sanaos asal ti pagunungan oge, ari nenggang mah nenggang bae. Cik nyarios nu terus terang, saha ari ibu rama teh?”

Den Yogaswara kacida kagetna, nyaur dina manahna, ”Naha Nyi Parekan teh keukeuh-keukeuh teuing palayeunana uninga ka indung-bapa aing, boa-boa karinah!”

Pok Mantri Jero sasauran, ”Ah moal waka nerangkeun maneh, upami teu dipiheulaan mah!”

Saur Nyimas Ratnawulan, ”Mangga miheulaan oge, da embok mah sanaos jadi garwa leutih oge, puguh keneh tuguna, aya keneh papayanana. Embok teh urang Suniawenang sareng upami diperconten mah laip-laip oge wedal padaleman!”

Raden Yogaswara piyas rarayna ngadangu kecap Suniawenang teh, emut kana cariosan ramana; kapan anjeunna oge urang Suniawenang.

”Anu mawi embok keukeuh hayang terang ka ibu-rama teh.” lahiran Nyi Parekan, ”wireh eta keureutan pameunteu, legeg sareng dedegan, nyeples pisan caroge lanceuk embok, nya eta rakan Dalem Suniawenang ayeuna!”

Den Yogaswara ngageter saluar salirana, manahna ratug ketegangan, atoh, reuwas, sagala aya pok, naros soantenna mani harshos awahing ku bungah, ”Saha jenenganana?”

Walon Nyi Parekan, Raden Wirautama!”

Les bae Mantri Jero teh lali kana wangsit ramana kalampud ku kabungahan, tepang jeung sipat ibu. Malum nu geus sakitu lawasna aya dipangumbaraan, lieuk deungeun lieuk nu lian, ari ayeuna tepang jeung kulit daki ku anjeuna, atuh raos kagunturan madu, kauragan menyan putih, saurna bari ngagero, ”Atuh embi teh bibi abdi!”

Nyimas Ratnawulan kacida kagetna, atoh taya papadana, lahirna, ”Ieu teh putra Kang Wirautama?”

Raden Yogaswara teu iasaeun sasauran, bawaning ku kagagas manah, kitu deui Nyimas Ratnawulan geus lali kana duduga per-yoga, nunda wiwaha, bakating ku teu kiat nahan kabungahan. Gabrug bae Mantri Jero teh dirangkul, digalekan diusapan bari mu-



rubut cisocana, saurna, "Emh Raden, bagja teuing embi bisa ditepangkeun jeung salira, di pangumbaraan, tepung jeung anak dulur. Naha teu ti bareto nyarios teh, meureun embi moal cuang-cieung teuing! Di mana ayeuna rama jeung ibu teh? Embi mah mani parantos hayang gok bae tepang, dugi ka sering kaimpi-impikeun. Kumaha jarumeneng keneh! Nuhun Gusti Mahasuci aya bagja kamayanan, bisa papanggih jeung anak!"

Pangango Den Yogaswara munggal cipruk ku cisocana Nyimas Ratnawulan, malah anjeunna oge kagagas bawaning ku waas, ketir campur atoh, tepang jeung sipat ibu. Tapi barang ras emut kana wangsit ramana. Mantri Jero kacida reuwasna, dumeh geus ngarempak larangan, ngabukakeun rasiah. Den Yogaswara ngraos rempan, emut kana lahiran ramana: lamun rasiah kaboker, matak jadi halangan kana salirana, terkadang matak cilaka! Ku Nyi Parekan katingali pasemon Den Yogaswara surem, semu nu kacida bingungna, pok Nyimas Ratnawulan mariksa,

"Ku naon Raden, semu nguyung?"

Walon Den Yogaswara, "Abdi teh kaliwatan teuing aya atoh, tungtungna jadi sedih, rehing emut kana wangsit ama, ulah ngabukakeun rasiah. Dupi ayeuna ka embi abdi nyarios, palangsiang aya matakna. Margina nu mawi ama ngawagel ulah ngabetuskeun rasiah, wireh anjeunna teh dugi ka ayeuna oge ngabunian anjeun bae. Kitu deui ka abdi, henteu aya nu terangeun yen abdi putu bupati, disarangka anak jalma kuricakan bae, malah abdi teh disarebatna ku nu ngewaeun mah: mantri manyang-munyang!"

Saur Nyimas Ratnawulan, "Emh karunya teuing, sing tawekal bae anaking, sugan bae ieu teh pilantaraneun meunang bagja. Atuh meureun, rama mah ngabunian anjeun oge, kawantu angkatna ti Suniawenang teh ngalolos. Saena bae kaburu nyingkahan bahya, upami henteu enggal nilar nagara mah, panginten moal aya anjeun!"

Den Yogaswara, "Cobi Embi nyarios kumaha lalakon ama teh paos sareng naha nu mawi ka ama reh roa nu ngewaeun?"

Walon Nyimas Ratnawulan, "Euh teu kahelokan embi mah, malum bae rama teh putra cikal, tur geus digadangkeun baris ngagentos eyang suargi, jadi dalem di Suniawenang. Ari ibu kawalonna, nya eta ibu Dalem ayeuna, ngaraos putrana dihalangan darajat-

na, atuh kacida girukna ka rama teh. Para wargi oge loba nu biluk ka ibu padmi, lantaran loba nu kabeuli hatena, wantuning loba pakeunna; sakur nu kasakuta ku anjeunna mah pada milu ngagoreng ka rama, dipajarkeun rek ngarebut kakawasaan. Bawaning ku loba nu ngarojokan, Pangawulaan teh kaangsonan, nepi ka rama teh rek diraponan. Saena bae aya nu bela, nya eta ua Panghulu. Enggal rama diwartosan, nya saena kaburu ngalolos. Ari kalepatan ua Panghulu teu beunang dibuni-buni margina saparantosna rama lolos, katalungtik yen anjeunna anu ngawartosan teh, atuh Dalem malik bendu. Lamun teu enggal ngalolos deui mah, kawasna anjeunna nu nemahan hukuman teh!”

Saur Mantri Jero, ”Ieres pisan, salahirna embi teh sapagodos sareng cariosan ama.”

”Moal lepat,” saur Nyi Parekan, ”margi embi teh harita geus hideng, anyar digusaran.”

”Ari nu mawi embi kapigarwa ku Pangawulaan di dieu kumaha margina?” saur Mantri Jero.

Nyimas Ratnawulan, ”Nya eta ku teu disangka-sangka, Embi teh ti bubudak cicing di lebet, jadi ais pangampih. Waktu Dalem Suniawenang nyepitan putrana, para bupati nu tebih nu caket tungkeb, ngaraluuhan karia. Bawaning ku roana kawulaaneun, rencang nu sakitu seueurna teh henteu cekap. Ari embi kabagean ngalayanan Kangjeng Dalem di dieu jeung batur saurang. Ku embi katingal, sajeroning dikawulaan teh Pangawulaan beda peletetna sareng kacida bageurna, sagala rupa dipaparinkeun sumawonna duit mah, mani taya towongna.

Ari pesta geus lekasan, embi disaur ku Dalem Istri Suniawenang, dawuhanana embi teh kudu ngiring ka Kangjeng Dalem Nagara Tengah lantaran geus dipaparinkeun jadi garwa parekan ka anjeunna. Sakedapan mah embi teh olohok bae, eta ku teu pisan dipaparin terang ti awalna, tapi ku embi henteu dipikir panjang, tumarima kana kadar bae, mana kitu oge panginten parantos milik embi, kudu ngumbara. Kawasna nya eta pilantaraneun papanggih jeung anak dulur!

”Geus sabaraha lamina Raden teh calik di dieu, sareng sabaraha kali salamina aya di dieu ngadeuheus ka ibu-rama?”

Raden Yogaswara ngawalon, lahirna, "Ari di dieu parantos 10 taun sareng ngadeuheus teh meh saban taun bae, mung sapa-rantos nagara nyorang tunggara, teu acan kabujeng dumeuheus deui. Eta ku teu ku hanteu, saban aya emutan, sok aya pambengan bae."

Nyi Parekan, "Euh atuh teu sae kitu, ka sepuh mah kudu geten-tulaten, sabab eta nu ngalantarankeun urang gumelar ka dunya teh!"

Mantri Jero, "Eta oge ari ngajurungan mah sering malah aya nu parantos baku purah dijuring, batur abdi, wastana pun Bulus."

Nyimas Ratnawulan, "Hih ari sepuh mah tara ngarep-ngarep kikiranana, tapi datangna nu ngajadikeun kabungahan teh. Ulan kitu Raden, perelukeun, malah lamun rek angkat embi titip."

Mantri Jero, "Nya eta abdi oge sanes henteu hayang, mung dumadakan bae, teu ari ku piwarangan, ayeuna Pangawulaan teu aya, beuki komo moal tiasa lunta ka nu tebih, kawantos dibeung-beuratan kawajiban nu sakieu agengna. Sareng omat pisan embi, ulah seueur carios ka nu sanes yen abdi teh sipat putra embi, bilih aya matakna, wireh abdi teh sayaktosna mah ngarempak wawang-sit ama, teu weleh ngaraos rempan, sieun kasiku."

Nyi Parekan, "Piraku teuing, keur naon make nyarita ka nu sejen, keun bae batur mah najan henteu nyarahoeun oge, kabaryana mah moal aya pegatna ieuh! Sing sering bae sumping ka dieu, embi longokan keueung!"

#### IV

Ti waktos harita Mantri Jero beuki mindeng sumping ka bumina Nyimas Ratnawulan, Malum Den Yogaswara budak ngora, kurang luang, tuna wiwaha jeung duduga peryoga, teu kagungan manah rangkepan. Teu uninga satincak saparipolahna teh aya ngawaskeun.

Mas Anggataruna geus meunang beja, yen Mantri Jero mindeng sumping ka bumina Nyimas Ratnawulan, malah waktu Den Yogaswara dirangkulan, aya nu manggihan. Malum omongan mah harus batan goong, urang padaleman geus pada nyaraho, yen

Mantri Jero teh tangtu geus ngajalankeun peta hina, cidra ka dunungan. Eta beja dijadikeun disusurup, dipapantes, dileuwihan. Cek saurang, "Kami mah henteu kaget kana kalakuan Mantri Jero kitu, saperkara anjeunna teh budak ngora, katambah meujeuhna ngangkat birahi, ari ayeuna manggih lawan, mangkaning Nyi Parekan sakitu tegepna, kurang-kurang kandel imanna mah saha pije-lemaeunana nu henteu kausap setan!"

Omong nu saurang deui, "Enya, sanajan gogoda kacida gedena oge, sing inget bae na nu mikanyaah. Kapan anjeunna teh sakitu dipikaasihna ku Pangawulaan, tapi naha goreng teuing tarima, wani cidra ka dunungan. Leuh, tada teuing guyurna, lamun Kangjeng Dalem uningaun!"

Hiji poe Ki Bulus nyampeurkeun ka Mantri Jero, ulatna mesum semu nu keur aya kasusah, pok ngomong, "Gan, abdi mah teu raraos kukupingan; babaturan taya deui gawena ngan tingkecewis ngarupat bae ka agan, majarkeun teh lungguh tutut, ngabudi ucing, teu kaop nyanding paisan.

"Ku naon nu matak ngaromongkeun kitu?" saur Den Yogaswara.

"Ki Bulus, Panginten eta, wireh agan sok sering sumping ka bumina Nyi Parekan, malah agan teh disarangka ngalampahkeun kalakuan hina!"

Den Yogaswara ngaranjug, ngadangu omongan Ki Bulus kitu, kakara emut, yen anjeunna teh kurang wiwaha, tapi ku sabab ngaraos beresih laku-lampah, ku Mantri Jero henteu dianggo risi, saurna ka Ki Bulus, "Keun bae Lus, nu ngagogoreng mah, da dewek mah teu rumasa boga kasalahan. Hanas eta mindeng ka bumina Nyi Parekan, atuh kitu kuduna bae, itung-itung ngalangan, sabab aya kitu-kieu mah dewek nu boga tanggungan!"

Teu uningaun yen anjeunna teh bakal tigebrus kana burang, tataheunan Mas Anggataruna!

Eukeur mah Jurusimpen teh geus lila neundeun hate ka Den Yogaswara, ari ayeuna aya lantaran, atuh cek babasan tea mah; aya jalan komo meuntas, monyet dibere sesengked. Mas Anggataruna gancang nepangan saderekna. Mas Kaliwon tea, barempag kumaha akalna, nembongkeun kacuranganana Mantri Jero.

Saur Mas Kaliwon, "Teu langkung akang, upami yaktos kalkanana si Mantri manyang-munyung kitu mah, emutan rai, lepat upami henteu diunjukkeun ka Pangawulaan, margina tangtos urang dipaido, terkadang disangka sailon, puguh-puguh nyaho, ngarepeh!"

Mas Anggataruna, "Nya eta nu matak akang datang oge rek ngabadameun hal unjeukana, sabab ku akang oge geus kapikir, yen kudu Pangawulaan teh uninga. Ari nu ngajadikeun susah taya lian, ngan dumeh akang henteu bisa nulis bae. Cing ku adi bae pangdamelkeun suratna."

"Mangga," lahiran Mas Kaliwon, "sabaraha hesena ngadamel serat mah, ngan saha nu pimawaeunana ka Mataram?"

Jurusimpen, "Geus aya ku akang nu katoong pibisaeun, asal geus beres suratna bae, gampang nepikeunana mah!"

Tuluy Mas Kaliwon nyandak daun lontar, tret anjeunna nyerat bari silih tempas jeung Mas Anggataruna, silih cawad, silih benerkeun pokpokan. Henteu lila surat jadi, tuluy ku Mas Kaliwon diaos, kieu ungelna eta surat teh:

*Hing kang srat sayogya mugé konjuk hing panjenengan Dalem, Paduka Kangjeng Bupatos kang anyakrawati hing Nagara Tengah, kang nuju apilenggah hing datulaya panagari.*

#### MATARAM.

*Satuhusing serat hing awios kaulanun abdi Dalem nyembahkeun sewu bebendu, laksa duduka, bilih aya tutus langkung, kepeng halang, bobo sapanon, carang sapakan, tunggul dirarud, catang dirumpak, rehing abdi Dalem kumalancang, unjuk uninga ka Dampal Dalem, tanpa dawuhan tawis gumusti mintonkeun budi, rehing gaduh pependakan anu prayogi katingali ku salira Dampal Dalem: Anamung mugia Dampal Dalem henteu jadi rengatin galih, rehing abdi Dalem nyembahkeun piunjuk anu matak ngicalkeun karesmian manah; estu miunjuk kajurang ku setya-tuhu, supados henteu lebet kana paripaos; tunggu tutung, aya pependakan henteu enggal unjukan.*

*Dampal Dalem kantenan moal nyanten sacongo rambut, abdi Dalem, pun Mantri Jero, milampah cidra, kumawantun niron bapa maling, ngadurjana puputon kembang karaton. Pun Mantri Jero teh lebet kana paripaos: milegeg lebe, ngabudi santri, anamung lampahna nyata euwah-euwah, margina parantos kumawantun nyidreng resmina abdi Dalem pun Ratnawulan, mustika anu ku Dampal Dalem dipikameumeut, didamel jimat. Ieu piunjuk henteu pindo damel, pan sumangga saeusining padaleman diparios, tan wande sadaya abdi-abdi Dalem nguninga sabalakana.*

*Abdi Dalem miwah sadaya wilayah anu saregep kumureb ka pangkon Dampal Dalem, sami ngaraos kaliputan halimun kawujung; mangnyerikeun, mangpeurikeun ka salira Dampal Dalem, rehing parantos dipiwani ku abdi nu sakitu laipna, diunghak ku jalma nu teu kantenan asal-usulna.*

*Ku margi eta sadaya-daya abdi Dalem ngambangkeun ka kersa, siang-dalu ngadederek dawuhan kaulanun.*

*Kering hing kang sembah sujud abdi Dalem  
hing kang setya tuhu  
pun*

### ANGGATARUNA

Mas Anggataruna kacida panujueunana kana pokpokanana eta surat teh, mani ngalenggak bawaning ku surup jeung maksudna, saurna, "Edas ieu mah babasan teh taya omeaneunana, panuju, lah panuju!"

Mas Kaliwon beukah liang pangambungna, pok ngalahir bari imut ngagelenyu, "Wah, bari oge sabaraha hesena ngadamel serat kitu-kitu bae mah. Nu mawi rai mah teu kaharti ku Pangawulaan sok muji kapinteranana si manyang-munyang. Pinter palebah mana, moal enya jelema andar-andar nyaruana ka bangsa santana!"

Mas Anggataruna geus manggih pijelemaeunana nu baris indit ka Mataram, hiji jelema nu geus lampar panyabaanana, loba kanyahona jeung ludeungan.

Teu kacatur di jalanna, kocapkeun ki utusan geus tepi bae ka Mataram, tuluy ngadeuheusan ka Pangawulaan, song serat ti Jurusimpen teh dihaturkeun. Kangjeng Dalem kacida kagetna nampi serat ti Mas Anggataruna, kawas aya piunjuk anu kacida perluna. gancang surat teh dibuka, barang tamat ngaosna, rarayna geuneuk, pananganana ngadegdeg, lila pisan anjeunna teu sasauran. Bumi alam katingalina poek mongkleng, bawaning ku sumpeg kalbu; raos dipeupeuh puhu cepil, lungleng cara nu katuralengan, heneg, mentegeg, bendu ngagugudug.

Tapi dasar menak pinandita, sabar teu panjang emutan, benduna ngan sagentakan pisan, lantaran kaburu emut kana papasten, tumarima kana kadar salira. Ku Pangawulaan kamanah, yen eta kateuraosan teh tamaha salirana. Naha atuh kaburu ku asih, henteu diemutkeun pibalukareunana, maparinkeun kapercantenan teh totomplokna teuing. Kapan manusa teh keuna ku owah gingsir, komo Mantri Jero teh nya budak ngora, nya teu acan loba luangna, katambah-tambah keur meumeujeuhna ngangkat beger! Atuh sumawonna budak ngora, kurang jeujeuhanana, sanajan nu geus aya umur oge, kurang-kurang kandel imanna mah, matak loba nu kapongpongan.

Kitu deui Nyimas Ratnawulan, wantuning istri keur meumeujeuhna gede napsu, munasabah henteu kuat merangan goda teh!

Sajabana kagungan manah kitu teh, ongkoh Pangawulaan ngaraos hamham rek percantenna teh, lantaran anjeunna emut kana kasumujudanana Den Yogaswara. Ti barang prak kumawula ka anjeunna, teu acan kauninga Mantri Jero ngalampahkeun kalakuan nu tu pantes: tara linyok, tara bohong, sumawonna nyieun cidra ka dunungan mah, tara pisan. Ari ayeuna torojol aya nu mawa beja sakitu matak kagetna. Boa-boa pitengah, sabab tangtu ka Den Yogaswara teh loba nu sirik!

Ku sabab eta Kangjeng Dalem buleud manahna, moal waka percanten kana eta beja, satungtung teu acan nyidikkeun ku anjeun mah.

Ari Ki Utusan mah tuluy dipiwarang mulang bae, dititip-an serat pondok pisan, ungelna nya eta nimbalan, supaya eta

perkara ulah dihaliwukeun, sabab engke dimana sumping, rek diparios ku anjeun.

Kacaritakeun Ki Utusan geus datang ka Nagara Tengah ditanggap caritana ku Mas Anggataruna jeung Mas Kaliwon. Ki Utusan imeut pisan nyaritana; dina palebah muka surat, Mas Anggataruna miwarang unjukan anu tetela, lahirna: "Kumaha eta Pangawulaan barang tamat maosna surat, kumaha parangina?"

Walon Ki Utusan, "Lah, nya eta abdi mah mani ngage-ter hate, bawaning ku reuwas, margi pameunteuna Pangawulaan teh dugi ka geuneuk, salirana ngagidir, tapi teu sasauran kua-kieu, bangun bendu nguwung. Leuh, tada teuing engke bae ari sumping, palangsiang aya balukarna! Naha gamparan teh unjukan naon atuh, nu mawi Pangawulaan siga bendu-bendu teuing?"

Mas Anggataruna, "His, rasiah, keun dedengekeun bae, engke oge moal burung aya bejana!"

## V

Barang geus tepi kana waktuna mulih, Kangjeng Dalem Nagara Tengah geus kawidian nilar dayeuh Mataram. Bral anjeunna angkat rurusuhan, wantuning geus sakitu lilana nilar nagara, geus kacida sonona ka bumi jeung ka sapangeusina. Ongkoh Pangawulaan teh palay geura ngabuktikeun beja tea. Manahna teu weleh geregeteun, palay geura mariksa perkara anu sakitu matak ngabingungkeunana ka anjeunna.

Kacaritakeun geus sumpingna bae ka Nagara Tengah. Di kaca-kaca mungguh heurin usik ku jelema anu ngabageakeun nu anyar rawuh. Imah-imah dipapaes, di sisi-sisi jalan pinuh ku bebetek, nandakeun panghormat ka nu sumping. Leugeudeut iringan nu kakara sumping teh asup ka dayeuh, diiring ku nu mapag; ger jelema nu sakitu reana teh surak, mani asa kaindit. Di padaleman geus kumpul kadang wargi, para priyayi jeung para ulama. Di buruan geus hempak, abdi-abdi nu geus harayangeuṅ gok tepung jeung nu anyar rawuh.

Mantri Jero cakah-cikih natakeun pikeun calikna Panga-



wulaan jeung nu ngadareuheusan. Wantuning sabongbrong, Mantri Jero teh henteu uninga, yen jenenganana geus aya nu ngabatur ku kokotor.

Barang Pangawulaan geus calik, rob nu marunjungan, kitu deui Mantri Jero henteu katinggaleun, nyieun tekuna Kangjeng Dalem bari ngarawu sampeanana. Ari cengkhat, Pangawulaan pok mariksa, socana mencrong, kawas nu palay ningali nepi ka jeroanana, siga nu palay nyidikkeun manahna Den Yogaswara, lahiran Pangawulaan, "Kumaha euweuh naon-naon, salilana ditinggalkeun ku kami, salamet?"

Cong Mantri Jero nyembah, piunjukna, "Aya hibaring salira Dampal Dalem, teu aya sawios-wios!"

Ngawalonna kitu teh kalawan kategeran, sabab Mantri Jero teh ngarasa teu boga dosa, unjukanana tatag, taya rumeagna.

Wates meunang saminggu bae mah Pangawulaan teu kersaeun lugay ti bumi, meureun ngareureuhkeun salira, wantuning mentas angkat sakitu jauhna, tapi ari saenyana mah anjeunna teh teu weleh ngamanah-manah, kumaha akalna sangkan iasa ngabuktikeun kagorenganana Den Yogaswara kalawan rikipna.

Ari Mantri Jero ngadak-ngadak sejen raraosan; manahna henteu kendat sumeredet, biwir socana ti handap teu eureun-eureun kekedutan sarta cepilna ngungngeng katorekan, kawas nu mere totonde yen rek mendak tunggara manah. Sajabana ngaraos lalewang, karareueung teh, anjeunna kacida kagetna, dumeh Kangjeng Dalem, anu sasarina sakitu tukselna nyaur, ti barang sumping teh henteu narik henteu nakon. Di padaleman sararepi, tiiseun taya kahegaran. Rencang-rencang ulatna maresum jeung ngadak-ngadak robah pasemonna; lamun amprok jeung Raden Yogaswara teh ting kalieus, mariceun beungeut, ana ngaromong ting harewos, ting karuwes, kawas pada ngandung rasiah.

Sangkaan Den Yogaswara henteu nyalahan; paingan atuh, da sakabeh rencang sapangeusi padaleman ku Mas Anggataruna geus diomongan, kudu ngaraku geus nyaksian Mantri Jero

ngalampahkeun hina jeung Nyimas Ratnawulan. Anu teu nurut, dikakalakeun sarta diancam rek ditundung. Eukeur mah loba nu sirik ka Mantri Jero teh, katambah sarieun ku Jurusimpén, atuh lolobana mah nyumuhunkeun bae, komo barang Mas Anggataruna ngerecek-ngerecek duit mah, rencang-rencang gangcang pisan kaolona teh.

Ngan saurang anu keukeuh embung jadi saksi teh nya eta Ki Bulus. Jurusimpén kacida benduna sarta ku lantaran anjeunna risi, sieun kaboker rasiahna, Ki Bulus ditundung sapangjodogan, nepi ka teu kaburu nepungan Den Yogaswara heula, sabab dikukuprak, kudu indit sapada harita. Ari Ki Sura jeung Ma Ijem tinggal bingungna; teu nurutkeun kumaha, sabab nu kawasa teh Mas Anggataruna, tur sagala unjukanana ku Pangawulaan digugu, ari nyanggupan jadi saksi, da teu nyaho, sumawonna nyaksian prakna tea, tara manggihan indit-inditna acan, ngan saukur beja bae Den Yogaswara majar sok mindeng ka Nyi Parekan teh. Tapi ku sabab sieun ku Mas Anggataruna, tuluy nyanggupan bae, ngan dina hatena sarumpah, dimana perluna rek unjukan terus-terang ka Pangawulaan.

Ari Nyimas Ratnawulan, ti barang Pangawulaan sumping oge, tuluy dikerem bae, teu meunang ngencar ka luar, bari dipeuseuh dipiwarang ngaku, yen enya geus dipaling resmi ku Yogaswara. Nyimas Ratnawulan damelna ngan nangis bae bakti bingung ngagunung-gunung. Upama unjukan yen Yogaswara teh sipat putra, bisi kumaha onam, meureun rasiah ramana Mantri Jero kaboker, ari henteu nguninga, tangtu tetep disangkana. Ku sabab eta Nyi Parekan teu petot-petot neneda ka Nu Mahasuci supaya dijait tina kaprihatinan. Tengah peuting Nyimas Ratnawulan sok gugah, nyuuh barina sesegruk, nalangsa ku kadar salira, ngemut-ngemut nu bakal kasorang, hukuman anu kacida matak nyerina nya eta dibaledogan ku batu, nu disebut "diranjang" tea. Nyimas Ratnawulan teu kandat hujan cipanon bari sasambat melas-melis:

Maskumambang.

"Aduh Gusti naha kaniaya teuing.

teu aya rasrasan,  
sim abdi dituding-tuding,  
ngalampahkeun kahinaan.

Biheung teuing moal kumelendang deui,  
kabawa ku kadar,  
katarik ku milik diri,  
unggah ka bale watangan.

Tapi najan buang jauh gantung tinggi,  
tetep nya percaya,  
kana kabersihan diri,  
da henteu rumaos dosa.

Ngan sakadar enggeus nembongkeun kaasih,  
nyambat sipat anak,  
bijil tina ati suci,  
medal tina kaweningan.

Sugan te' mah moal dibeuli ku pati,  
ditumpang ku nyawa,  
duh Gusti Rabbul Ijati,  
mugi kersa nangtayungan.

Enggal bae candak nyawa jisim abdi,  
memeh ngaraosan,  
kanyeri nu tanpa tanding,  
siksaan dibaledogan.

Aduh Raden embi geus tepi ka jangji,  
urang panungtungan,  
nya kumelendang di lahir,  
ulah pake kasalempang.

Najan embi nepi ka nemahan pati,  
mageuhan rasiah,

ditampi jeung suka ati,  
batan kabuka raratan.”

Barang kadalapan poena Kangjeng Dalem nimbalan ka Jurusimpén, ”Ayeuna pisan ku paman teang Patih jeung Jak sa, Panghulu jeung Kaliwon sing kairingkeun!”

Mas Anggataruna cedok nyembah, jung indit, leumpangna gadag-gidig, geus asa ieu aing bae, sabab ceuk itunganana, Mantri Jero téh moal sabaraha lilana deui umurna, tangtu nemahan hukuman.

Teu lila juragan Patih jeung sakur nu disalaur geus marek di payuneun Kangjeng Dalem. Pangawulaan kasondong keur calik di srimanganti, pasemonna mesum, pok ngadawuhan, ”Nu matak Patih jeung sarerea diala, lantaran kabejaan ku paman Anggataruna, yen jelema nu ku kaula pangdipikanyaahna, nya eta si Yogaswara, geus wani cucungah, milampah hina jeung selir nu pangdipikaasihna, nya eta si Ratnawulan. Kacida kaula handeueulna hate, lamun enya kalakuan si Yogaswara kitu. Tapi dina sajeroning nyangka téh teu weleh bae hate mah samar, dumeh salilana si Yogaswara kumawula, acan kapanggih goreng kalakuanana. Ku lantaran kaula aya dina kaewuhan, seja menta timbangan ka sarerea, kumaha akalna supaya bisa nyidikkeun dosana, teu kalawan kautara ku jalma rea. Kainggis téh teu aya deui, lamun henteu sidik kasalahanana, sieun ngawiwirang jelema tanpa dosa, Karunya temen jeung tangtu urang disebut atah sasar.”

Sakur anu ngarungu kacida kageteunana, ngan Mas Kaliwon anu teu robah pasemonna téh.

Cong juragan Patih nyembah, pok unjukan, ”Sumuhun dawuh, manawi bahan katampi, abdi Dalem neda widi ngadarkeun pamendak. Ku margi pun Yogaswara teu acan sah dosana, kawuwuh Dampal Dalem aya manah palay nyidikkeun kalepatanana kalayan rerepehan, naha henteu peryogi upami pribadosna disingkurkeun bae heula, ditimbangan mios ka mana bae sareng ulah dipasihan terang maksadna nu mawi disina nyingkah! Dina salamina pun Mantri Jero teu aya, urang parios saksi-

saksi anu tarerangeun kana kalakuan pribadosna nu awon tea. Ieu aturan tiasa ngadongkapkeun hasil tilu rupi: saperkawis moal nyerieun hatena, upami pun Yogaswara teu kapendak kalepatanana, kadua perkawis saksi-saksi laluasaeun arunjukana, margi teu aya nu baris didamel karisi, tangtos nyariosna satarabasna sareng katilu perkawisna kapalay Dampal Dalem rerecepan teh kantenan tinekanan, margi upami diatur kitu, nu baris tarerangeun teh mung eusi padaleman bae, moal kautara ka luar."

Mas Kaliwon nyundul pihatur, "Kumaha upami teras ngaleos?"

Juragan Patih, "Atuh barengan bae ku gulang-gulang!"

Kangjeng Dalem ingguk bawaning panuju, lahirna, "Bener, mupakat pisan kana timbangan Patih kitu teh."

Sanggeus tutup gunem catur, juragan Patih jeung sarencangna marulih. Sasumpingna ka bumi Mas Kaliwon gancang ngala sadereknana sarta teu lila Jurusimpén geus jol datang.

Mas Kaliwon, "Kang, putusan Pangawulaan, si Manyang-munyung teh rek disingkirkeun ti padaleman, rek dipiwarang nyaba ka luar dayeuh, dibaturan ku dua gulang-gulang. Pikeun urang asa kacida tumaninahna, rai mah asa mobok manggih gorowong, puguh rek dikorehan kasalahanana, ari ayeuna rek disingkirkeun, atuh sarua bae urang teh jeung dibere paneunggeul! Rencang-rencang anu sakira biluk ka urang, ku akang enggal cancang ku kasaeun, wayahna rugi, beuli hatena, paparin duit jeung papakean. Tuluy wurukan, supaya lamun engke dipariksa ku Pangawulaan, pada nerangkeun yen maranehanana nyaksian si Yogaswara geus ngalampahkeun hina jeung Nyi Parekan. Tapi sanajan urang loba batur oge jeung katoong yen si Manyang-munyung tangtu cilaka, rai mah teu weleh salempang, da eta Kangjeng Dalem mah sok karunyaan teuing ka jelema. Teu mustahil si Manyang-munyung teu dihukum, kawantu si Bedul teh jelema loba akalna jeung bisa neangan pikirunyaean."

Cek Mas Anggataruna, "Ah, ari kitu mah mending cacapkeun bae, kapalang! Eta gulang-gulang nu duaan tea urang bere duit bae sing loba sarta papancenana: dimana geus datang ka

leuweung, si Manyang-munyang kudu dipaehan, bangkena palidkeun ka walungan, jadi urang moal aya deui kahariwang.”

Mas Kaliwon, ”Kumaha nya pijawabeun lamun dipariksa-keun, sabab meureun moal balik deui?”

Mas Anggataruna, ”His gampang teuing, sebutkkeun bae tikunclung atawa dilebok maung!”

## VI

Dina hiji poe Mantri Jero disaur ku Kangjeng Dalem. Pangawulaan kasondong keur calik nyalira, ulatna alum wantu keur ngandung kawuyung. Barang jol Yogaswara ngadeuheus ka payuneunana, Kangjeng Dalem nyeblak manahna ari ku kitu tea mah pantes anjeunna aya dina kaewuhan oge, sabab ka Den Yogaswara teh geus teu asa teu jiga, mikanyaahna teh saperti ka putra ku anjeun bae. Ari ayeuna kudu mariksa kasalahanana, malah lamun pinanggih bukti, kapaksa kudu nibankeun hukuman.

Mantri Jero tungkul semu isin, sajeroning calik teh manahna ratug keketegan, sabab sanajan teu rumasa kagungan dosa oge, teu luput tina karisi mah, kawantu manusa teu daya teu upaya tea, gumantung kana kulak canggeumna. Lamun geus tepi kana pastina cilaka, saha nu pibisaeun ngahalangan?

Meunang sajongjongan Kangjeng Dalem teu sasauran, semu bingung milari picarioseun. Barang geus lila, pok anjeunna ngalahir, ”Yogaswara, kami geus lila pisan henteu sukan-sukan macangkrama, moro mencek jeung uncal. Ku sabab eta bulan hareup kami hayang ngalasan uncal, tapi kudu dibuktikeun heula. Uncal pelak kami di Pasir Uncal tea, meureun ayeuna geus ngarekahan, sabab geus lila teu diala, tangtu geus anak baranahan. Ayeuna maneh indit ka ditu pariksa, kira-kira aya sabaraha lobana. Lamun kapanggih rea jaluna, tuluy eta pasir ku maneh titah dipager, digedeg sing weweg sabudeurna, sarta satungtung titahan kami tacan kacumponan, sabaraha poe bae, maneh ulah waka balik!”

Cong Yogaswara nyembah, piunjukna, ”Satimbangan Dam-

pal Dalem, sumeja dilampahkeun, disuhunkeun hibarna bae, abdi Dalem bade mios."

Kangjeng Dalem, 'Heug, tapi maneh indit teh ulah sorangan, kudu mawa batur nu utama, saperkara bisi aya bahaya di jalan, kadua perkara keur titah-titaheun dimana aya kaperluan. Ingetan kami nu beunang dipercaya marengan maneh teh nya eta gulang-gulang nu sok dibawa moro ku kami, si Sacawiguna jeung si Jayawiruna!"

Sanggeus tutas dawuhan Den Yogaswara mulih ka tempatna, sasadiaan baris angkat tea. Kitu deui gulang-gulang nu duaan geus didawuhan ku Kangjeng Dalem, kudu marengan Den Mantri Jero miang ka Pasir Uncal sarta Pangawulaan nimbalan ulah balangah, kalakuanana Den Yogaswara kudu diten.

Mas Anggataruna anu sasarina goreng budina ka Den Yogaswara, harita mah ngadak-ngadak hegar marahmay, pasemonna manis, pok Jurusimpén naros ka Den Mantri Jero, basana rendah, "Wartosna kang putra dipiwarang angkat ku Pangawulaan, ka mana tea?"

Den Yogaswara kaget ningali budi-parangina Jurusimpén sakitu manisna, beda ti biasa, pok anjeunna ngawalon, "Sumuhun, dipiwarang ka Pasir Uncal, ngaroris ingon-ingon rehing sah sah payun anjeunna bade ngersakeun macangkrama."

Mas Anggataruna pias beungeutna ngadenge kasauran Den Yogaswara kitu teh, kawas aya kareuwas. Tapi gancang pisan miceun semuna teh, teu katara-tara, pok deui naros, "Sareng saha rek angkat teh?"

"Sareng guiang-gulang duaan, Sacawiguna sareng Jayawiruna."

Mas Anggataruna, "Mugi-mugi bae wilujeng!"

Den Yogaswara, "Nuhun!"

Sajeroning sasauran teh Mantri Jero henteu weleh kaget dina manah, naha Jurusimpén panatana beda ti sasari; kapan biasana mah patepang oge sok miceun beungeut, atawa cumiduh bangun nu ijjid, ari ayeuna nyebutna oge kang putra! Tapi henteu dimanah panjang, tuluy bae Den Yogaswara beberes baris

candakeun.

Dina peutingan piisukaneun Mantri Jero angkat, Ki Sacawiguna jeung Ki Jayawiruna disaur ku Mas Anggataruna ku bumina, dibawa kana hiji kamar, paungku-ungku tiluan bae.

Eta dua gulang-gulang ku Mas Anggataruna dipapancen an ngarebut patina Den Yogaswara. Mimitina mah eta dua jelema henteu daraekeun, tapi dihantem ku Mas Anggataruna diomongan. dibibitaan ku kasenangan, nya eta lamun kajadian teh rek dicukupkeun kahirupanana, ditulung pangabutuhna jeung rek dibere sawah 10 bau sewang, pibekeleun engke ari geus jompo. Saur Mas Anggataruna, 'Naha maraneh teh barodo teuing geura pikir, mending mana hirup cara ayeuna masakat saumur-umur, cek babasan ngan ukur bisa nyatu, jeung meunang kasenangan? Batur mah digawe dug-tinetek teh, hulu dijieun suku, suku dijieun hulu, taya lian ngan neangan kasenangan, ari maraneh rek disenangkeun oge teu daraek!''

Eta gulang-gulang nu duaan henteu kuat nahan pangawujukna Mas Anggataruna, tungtungna nyumanggakeun bae.

## VII

Kacarita isukna, rebun-rebun keneh Den Yogaswara geus angkat ti bumina, dining ku Ki Sacawiguna jeung Ki Jayawiruna.

### Magatru

Kacaturkeun Mantri Jero nu lumaku,  
ku gulang-gulang diiring,  
Raden Angkatna ti payun,  
pangiring nanggung, ngajingjing,  
bebekelan jeung panganggo.

Henteu lila ka sisi dayeuh geus cunduk,  
ngalangkung pamager sari,  
mimiti asup ka lembur,



robah anu katingali,  
palataran hejo lemok.

Pasawahan paselang kebon jeung talun,  
panonpoe karek bijil,  
muncul ti luhureun gunung,  
ngempur lir 'emas sinangling,  
sorotna hurung moncorong.

Caiibun ngagarendang dina daun,  
tinggurileng siga beling.  
katojo sinar nu hurung,  
Raden ka leuweung geus sumping,  
rembet rupet ku kakayon.

Nu kadangu rupa-rupa sora manuk,  
matak ngahudang kasedih,  
ungkut-ungkut tingarengkut,  
diengklokkan ku caladi,  
anu keur noktrokan gowok.

Kadengena sada nu keur nyacak lauk,  
totonde rek aya mayit,  
gagak ngelak dina ruyuk,  
koleangkak tinggarelik,  
nguleyeng neangan layon.

Eta kabeh kawas nu mere pituduh,  
yen bakal mangih kasedih,  
wantuning anu lumaku,  
dituturkeun ku balai,  
didodoho malar bongoh.

Tapi mungguh nu angkat taya timburu,  
senang raosna dijaring,  
teu uninga ka nu hasud.

rek dengki ngarebut pati,  
nunggu bobor karahayon.

Kira wanci asar-ahir Den Yogaswara jeung rencangna nu duaan geus kaluar ti jero leuweung, ngambah reuma, pernahna di tungtung leuweung nu geus kaliwatan tea; pok anjeunna sasauran ka rencangna, "Kumaha lamun urang ngarereb teh di dieu bae, tuh geuning aya ranggon, sabab diteruskeun oge jauh keneh ka lembur. Tah geura darengekeun di lebak sada sora cai ngaguruh, meureun walungan."

Jawab Ki Sacawiguna, "Ngiringan; emutan sim kuring oge sae liren di dieu bae, margi sanajan ayeuna nyorang nu rada lenglang oge, urang teh nyanghareupan keneh leuweung geledegan nu gerotanana langkung ti nu geus kaliwatan; upami diteruskeun teh boa-boa poekeun di nu bala."

Ki Jayawiruna nembrong, omongna, "Sareng ongkoh di leuweung nu bakal kasorann mah bejana seueur nu kumisan, tur ayeuna teh mangsana nu kagungan leuweung ngalayung."

Tuluy Mantri Jero angkat nuju ka reuma nu pernahna deukeut ka jalan tea. Ranggonna parageuh keneh sarta aya tarajena.

"Leuh, kabeneran meunang pamondokan teh tumaninah, sugema bisa samemena, talunganan keneh ngarereb di lembur, matak kagokeun nu boga imah, 'saur Den Yogaswara.

Brak bebekelan teh dibuka, tuluy Mantri Jero tuang, kitu deui rencangna anu duaan, daharna rarampus pisan, kawan-tu entas sakitu carapeunana.

Sanggeus bararang dahar, tiluanana arindit ka walungan, henteu jauh pernahna, dina sisi reuma pisan.

Saur Den Yogaswara, "Leuh, geuning ieu walungan teh gede jeung sisina lungkawing naker, ka mana jalanna lamun rek turun teh, nya?"

Ki Sacawiguna alak-ilik ka beh hilir, manehna ngagero bawaning atoh, "Geuning ieu geus aya sesengked, kawasna paranti ka cai nu boga huma!"

Jut Den Yogaswara lungsur, barang geus aya di handap,

anjeunna ngudar panganggo, brus siram, kitu deui gulang-gulang nu duaan marandi di beh hilir, rada anggang ti tempat ceborna Mantri Jero.

Dina keur marandi Ki Jayawiruna ngomong, "Saca, kumaha titahan juragan Anggataruna teh?"

Ki Sacawiguna, "Naon tea?"

Ki Jayawiruna, "Eta tea, naha silaing geus poho? Kapan urang teh geus nyanggupan! Rasa dewek moal manggih deui waktu anu tumaninah cara ayeuna, patempatanana singkur, walungan keur malidkeunana aya, jeung caina tarik deui!"

Ki Sacawiguna, "Heueuh, tapi saterangna mah dewek teu pati iklas. Ari inget kana pisenangeunana, puguh matak kabita, tapi ari inget kana dosana sok maruringkak, sabab maeh-an teh dosa gede kabina-bina."

Jayawiruna, "Saenyana mah dewek oge kitu pikiran teh, ngan kumaha urang teh kagok asong, teu dijalankeun tangtu malindes ka badan sorangan, ari dijalankeun nya eta teu pati tega."

Sacawiguna, "Keun bae atuh ulah rusuh, urang pikir bulak-balik, kumaha engke bae ari geus datang ka Pasir Uncal."

Barang geus beresih siramna Mantri Jero hanjat, kitu deui gulang-gulang nu duaan, tuluy naraek deui kana ranggon, narenjokeun layung.

Asmarandana.

Pasosore layung bijil,  
matak ngahudang kawaas,  
sabuana ruhruy korseng,  
gunung-gunung, tatangkalan,  
lir nu dilampat emas,  
langit nu warnana paul,  
hurung ngempur kahibaran.

Ku cahya panarik resmi,  
panghudang sarining rasa,

matak tambah rusras hate,  
nenjo langit anu ruhay,  
rupa-rupa warnana,  
koneng, beureum, paul, biru,  
nyata kaalusan alam.

Beurang kagilir ku peuting,  
surup layung bijil bentang,  
bulan tembong lir nu noong,  
ngawaskeun ti awang-awang,  
kawas nu ngalelewang,  
ka nu keur ngandung kawuyung,  
matak tambah kahariwang.

Beuki peuting bulan beuki caang, mani ngebra kawas ti  
beurang bae. Sasatoan nu garalak pangeusi leuweung, disara-  
da; sora maung tinggalaur, kadengena mungghah eundeur.

Ki Jayawiruna ngomong ka Ki Sacawiguna, "Euy, ulah  
sare teuing, bisi kumaha onam, wantuning urang teh dilingkung  
ku leuweung sarta loba sasatoan nu garalak." Ngomongna kitu  
teh bari ngeser diukna, kawasna bae Ki Jayawiruna teh rada  
borangan.

Tembal Ki Sacawiguna, "Enya, dewek oge rada keueung,  
cing ngadongeng-ngadongeng atuh, tamba tunduh!"

Jayawiruna, "Nya eta dewek mah teu boga dongeng nu  
aneh. Sugaan ieu juragan kersaeun ngadongeng, sahenteuna ari  
nu ti padaleman mah, meureun loba pamanggihna," bari malik  
ka Den Yogaswara.

"Kabeneran kula boga dongeng nu aneh, bareto basa keur  
cicing di kolot sorangan, ku bapa sok dipangdongengkeun,"  
saur Mantri Jero.

Ki Sacawiguna jeung Ki Jayawiruna nyalanghareup bari  
rada ngised diukna, omongna, "Tah manga carioskeun!"

Niatna eta dua gulang-gulang rek ngarogahala ka Den Yo-  
gaswara teh kagimbregung ku kakeueung, ngadenge sora maung  
nu sakitu matak muringkakna. Jeung onghok rasana panjang

keneh lalakon, teu kaburu dina peuting eta mah iraha bae, sabab tangtu aya bongohna.

"Geura darengekeun," saur Den Yogaswara.

## VIII

"Jaman baheula pisan aya hiji Raja nu geus kautara kabeung-haranana, kamashur gede kakawasaanana. Tapi sakitu beungharna jeung kawasana teh manahna mah teu weleh susah, dumeh teu acan kagungan putra nu baris pingagantieu jumeneng raja upama anjeunna pupus.

Ku sabab eta Raja teh teu aya deui damelna kajaba ti tirakat ngurangan, tuang jeung leueut, bari manteng neneda ka Nu Mahasuci, sangkan dikabul panejana, nya eta palay kagungan putra pameget, nu baris nuluykeun kalungguhanana. Panejana Sang Raja disubadanan, sabab henteu lila Prameswari bobot. Barang geus nepi kana waktuna, Pawarang babar, putrana pameget, mulus taya kuciwana, tur taya tandingna kakasepanana. Kabungahan Sang Ratu taya keur mapandeu, raos kagunturan madu, kaurugan menyan putih. Ki Lengser nakol bende, mere beja ka jalma rea, yen Sang Raja kagungan putra. Di nagara ngadadak aya karia, sarerea pada sukan-sukan raramean taya reureuhna, suka bungah dumeh rajana dikabul panedana, kagungan putra nu bakal ngaganti anjeunna. Barang murangkalih geus yuswa satahun, dukun-dukun dikelun, paraji dikerid, ajar diteang, kitu deui ahli nujum teu kalarung, dipundutan berekahnana jeung dipiwarang ngabijilkeun wewesenna nya eta norah pidarajateun murangkalih. Kabeh pada nyarebutan kaalusan watek-watekna, malah aya nu norah, eta murangkalih di ahir bakal jadi raja nu punjul ti sasamana. Di antara nu karumpul aya hiji ahli nujum anu geus kaceluk kalepusanana, awas paningalina sarta ku Sang Raja kacida dipisepuhna.

Barang nepi ka giliranana ngaluarkeun panemuna, ahli nujum nu lepus teh unjukan ka Raja, pihaturna, "Nun Gusti, mugi Gusti henteu jadi rengat galih, rehing abdi Gusti kumawantun ngedalkeun keretegang ati, nanging pasalia sareng pamendakna

kanca-kanca nu parantos ti payun ngucapkeun pangaweruhna.

Titingalan abdi Gusti, putra Gusti teh parantos moal tiasa sumingkir deui, dina yuswa dua puluh tahun bakal nilar garwa putra, lunta ti nagara jadi pandita. Nu mawi putra Gusti kitu jadina, lantaran anjeunna teu kiat ningali kasangsaraanana manusa nu hirup di dunya.”

Kangjeng Raja kacida handeueuleunana ngadangu piunjuk ahi nujum kitu, sabab kapalay anjeunna mah putrana teh kudu nuluykeun mangku kadaton. Ku sabab eta Sang Raja kacida rempan manahna, sieun ciduhna ahli nujum metu, kecapna nyata. Ku anjeunna kagalih, lamun putrana salawasna henteu dipaparin uninga kana kasangsaraan dunya, boa-boa moal tulus jadi panditana, sabab tadi oge ceuk ahli nujum, pangna tega ninggalkeun kaagungan teh, teu kuateun nenjo kasangsaraan jelema.

Sanggeus tetep kayakinan manahna kitu, tuluy Sang Aji miwarang ngadegkeun karaton nu kacida alusna, dina hiji pulo, pernahna henteu jauh ti nagara.

Kaalusanana karaton taya keur nyaruakeun, sajabana alus bangunna teh sagala pikabetaheun diayakeun. Di hareupeunana aya taman, dipelakan rupa-rupa tatangkalan jeung kekembang-an nu araneh, jalan-jalanna butbat bulat-beulit, dina tengah-tengah taman aya empang, herang pisan caina. Cindekna tuna pikecapeunana pikeun nyaritakkeun kaalusanana eta karaton.

Barang murangkalih geus yuswa tilu taun, ku ibu-ramana disina linggih di karaton nu anyar didamel tea, sarta dijaga ku magpirang-pirang rencang nu beunang dipercaya, kabeh beunang milih, jelema nu taregep, nu ngarora.

Sabudeurna pakarangan karaton dikuta sarta dilarang aya nu asup, kajaba ti rencang-rencang jeung nu meunang widi ti Raja. Salilana murangkalih dibeberah manahna, teu meunang pisan ningali nu matak sareukseuk kana socana, atawa ngadangu anu matak rungseb, kana cepilna. Kitu deui dilarang keras aya aki-aki atawa nini-nini anu asup ka karaton, sumawonna nu rerempo jeung tanpa daksa mah teu meunang pisan.

Jadi salilana eta putra Raja teh aya dina kagumbiraan bae; nundana kasukaan teh ngan sakeudeung pisan, nya eta waktu diwuruk elmu ku guruna.

Kacaturkeun barang geus rumajaputra, Pangeran Dipati ku ramana dipaparin pigarwaeun, putri anu panggeulisna sabuana panca-tengah. Panganten pameget-istri damelna ngan sukan-sukan bae, geugeut-layeut silih pikameumeut, tapi sakitu geus kagungan garwa teh Pangeran Dipati ku ramana teu acan diwidian lunta ti karaton.

Hiji mangsa Pangeran Dipati mariksa ka guruna, naon sababna nu matak anjeunna ku ramana teu diwidian kaluar ti karaton. Guruna bingung ku pijawabeun, sababna lamun diunjukanan satarabasna sarua bae jeung mukakeun rasiah nagara, tungtungna ngawalon sabulangbentor, saurna, "Wireh eta Dampal Dalem teh dicadangeun ngagentas rama."

Saur Pangeran Dipati, "Beuki komo teu kahartina teh, kapan anu marentah nagara mah kudu langab tetenjoanana, kumaha pibisaeun loba pamanggih, ari salilana dikerem di karaton mah. Nepi ka ayeuna bumi ama oge kaula teu acan terang, komo kaayaan di nagara mah. Ku margi eta mugi ku paman diunjukkeun ka ama, kaula neda widi ngadeuheus ka karaton, hayang terang kaayaan di nagara."

Guru Pangeran Dipati teu iasaeun mondah, sabab ku anjeunna oge kamanah yen bener emutan Rajaputra kitu teh, tuluy panuhunna diunjukkeun ka Raja. Mimitina mah Sang Ratu henteu ngarujukan kana panuhun putrana, risi bisi ningali anu matak nyedihkeun kana manahna, wantuning di dayeuh teh loba jelema anu sangsara hirupna. Tapi ku Raja diemut deui, moal pihadeeun, bisi matak nguluwut manah putrana. Pondokna carita, Sang Ratu tuluy ngawidian bae, ngan dina poean Pangeran Dipati sumping ka dayeuh, sakabeh nu geus karolot, nu rerempo jeung nu tanpa daksa, dilarang kumelendang ka jalan, malah nempo ti jero imah oge teu meunang!"

Raden Yogaswara eureun ngadongengna, ngaso heula, palayeun nyesep.

Ki Sacawiguna jeung Ki Jayawiruna semu resepeun naker

kana dongeng teh, ngaregepkeunana mani teu ngiceup-ngiceup. Dina lebah nyaritakeun kaalusanana karaton jeung kasukaan-kasukaan nu dipake ngabubungah ka Pangeran Dipati, gawena ngan eh-ehan jeung tingkalecrek bae, bawaning ku kaget jeung abita.

Cek Ki Sacawiguna, "Leuh, ieu mah rame dongeng teh, mangga teraskeun, gantung denge!"

Den Yogaswara, "Engke atuh, sabab ari nu ngadongengna mah capeun, ke rek udud heula."

Ki Jayawiruna, "Mangga ieu seuneuna, ku kuring dipangnekerkeun, kaluman hayang geura terang lajengna."

Den Yogaswara, "Heg atuh, urang tuluykeun."

Sanggeus Pangeran Dipati ngadeuheus ka ibu-ramana, tuluy anjeunna angkat ngajajah dayeuh, palay uninga kaayaanana. Pirang-pirang nu ngiring, kitu deui guruna henteu kantun nyarengan di gedengeunana. Sakur nu katingali kabeh pikaresepeun bae, kawantu dihaja dibawana kana tempat anu resik, kitu deui jelema anu katingali, keur mareujeuhna ngarora, taregep, malah dina poe harita teh ngahaja diparentah sina maring. Tapi kersaning Nu Maha Kawasa, sanajan dijaga sakitu kerasa oge, supaya Pangeran Dipati henteu ningali nu pikasediheun, dasar geus kabawa ku kadar salirana, jorojoy nya manahna palay ningali kaayaan di luareun kaca-kaca. Guruna jeung sakabeh pangiringna beak-beak ngahaturanan, supaya Rajaputra ulah angkat ka luar dayeuh, tapi Pangeran Dipati manahna beuki teu kaampeuh, tungtungna taya nu bisa ngahalangan.

Kakara oge satumbak jauhna angkatna ti kaca-kaca, Raja putra ngadangu aya nu humarurung, kadengena kacida matak sedihna. Pangeran Dipati ngarandeg, pok mariksa ka guruna, lahirna, "Paman, eta teh sora jelema ku naon?"

Guruna ngawalon, "Sumuhun nu humarurung."

Pangeran Dipati, "Ku naon nu matak humarurung?"

Guruna, "Ku margi udur."

Rajaputra, "Naon ari udur teh?"

Guruna geus teu bisa ngabalengbarkeun deui, kasedekkeun pijawabeun, tungtungna mah unjukan sabalakana bae, piunjuk-



na, "Udur teh nya eta hiji kasangsaraan dunya anu tumiba ka manusa. Upami jelema udur, rarasaanana teu ngareunah, tanagana ngurangan, awakna resak."

Pangeran Dipati, "Cing tuduhkeun, siga kumaha ari nu gering teh? Da kaula mah teu acan ngarasa gering!"

Pangeran Dipati ditingalikeun kana hiji imah butut; kaayaanana di jero turag-tareg pisan, kalalotor jeung barau. Di juru aya nu ngaringkuk hiji jelema ngan kari tulang jeung kulit bae bawaning ku begang, teu eureun-eureun humarurung, wantuning jelema gering.

Barang ret Rajaputra ningali ka nu keur ngedeng, anjeunna ngejat ka luar awahing kaget jeung gila ningali rurupaananana nu gering. Pok anjeunna mariksa ka guruna, "Paman, unggal jelema sok keuna ku gering?"

Walon guruna, "Kantenan, mung aya nu sering, aya nu langka katerapna; aya nu repot, aya nu mokaha, kumaha kayaan jelemana bae."

"Ari kaula bisa keuna ku gering?" saur Pangeran Dipati.

"Dampal Dalem oge tiasa katerap. Teu acan soteh ngaraosan teu damang. Dampal Dalem mah wireh salamina dijaring ku dukun-dukun nu palinter. Kitu deui Dampal Dalem mah tara nuang katuangan awon, jadi piteudamangeun teh kapegat," walon guruna.

Rajaputra mariksa deui, "Naha ari jelema nu tadi henteu dijaga cara kaula? meureun lamun hade pangjaringna mah, saperti ka diri kaula, manehna moal gering!"

Diwalon ku guruna, "Kantenan upami eta jelema beungharna sapertos Dampal Dalem mah. Nanging pribadosna mah teu tiasaeun kitu, margi malarat."

Pangeran Dipati, "Ari kaula bisa malarat?"

Walon guruna, "Teu mustahil Dampal Dalem oge keuna ku kamalaratan, ayeuna kaliung kasiput ku kasenangan soteh, wireh rama jumeneng raja. Nanging saha nu uninga, upami enjing atawa pageto aya musuh nu ngarebut kakawasaanana sareng kabeungharanana rama Dalem, panginten Dampal Dalem oge ngaligicing, nyandang kasangsaraan sapertos nu tadi."

Rajaputra laju angkatna, ulatna mesum, bari ngemut-nge-mut sakur nu geus katingali. Gok anjeunna pasarandog jeung hiji jelema geus kolot; buukna geus bodas, igana ragas bawaning ku begang, leumpangna kundang iteuk, teu kaur maju balas eureun ngareureuhkeun cape.

Pangeran Dipati kaget ningali jelema siga kitu rupana, pok naros ka guruna, "Ari eta naon, jelema atawa lain, matak sieun nenjo oge?"

Walon guruna, "Sumuhun eta oge jelema keneh, mung parantos kolot."

Rajaputra, "Sarerea bakal kolot, cara eta nu liwat tea?"

Walon guruna, "Kantenan, sakur nu nyawaan mah sadaya-na oge bakal kolot."

"Kaula oge bakal kolot?", saur Pangeran Dipati.

Jawab guruna, "Salira Dalem oge engkena mah bakal sa-pertos nu tadi!"

Ki Sacawiguna henteu kawawa nahan kapanujuan hatena pok ngomong megat kalimah, "Masa Allah, aya leres salah-iran bieu. Karaos pisan ku kuring, bareto mah kuring teh asa tegep, tur jagjag waringkas, ari ayeuna geus mimiti repot sareng roa nu karasa, kulit ngaroplok, urat kalendor, tanaga ngurang-an!"

"Puguh oge," cek Jayawiruna bari gogodeg, "manusa mah henteu langgeng, emh, emh!"

"Mangga teraskeun, gantung denge!" cek Ki Sacawiguna.

Mantri Jero tuluy neruskeun deui dongengna, "Rajaputra beuki mesum bae ulatna, teu eureun-eureun ngamanahan kasang-saraan di dunya. Barang keur ngemut-ngemut kitu, lar aya nu ngagotong pasaran ngaliwat, diiringkeun ku nu careurik, rek dibawa ka kuburan.

"Ari eta naon?" saur Pangeran Dipati bari nunjuk kana pa-saran sarta semu kacida kagetna.

Guruna, "Nu maot."

Rajaputra, "Naon ari maot teh?"

Guruna, "Maot teh nya eta sukma lesot tina raga. Sadaya mahluk dijadikeunana ku sukma sareng raga, dimana sukma-

na ngantunkeun ragana, nya jadi layon, lajeng bae dikubur, jadi parab rinyuh.”

Pangeran Dipati sewot, lahirna, ”Kaula oge bakal maot sarta badan kaula nu sakieu bagorna jeung sakieu tegepna teh bakal dikubur?”

Walon guruna, ”Sumuhun dawuh, Dampal Dalem oge moal iasa sumingkir deui, tangtos bakal pupus sarta layon Dampal Dalem bakal dikubur!”

”Ana kitu,” saur Rajaputra, ”hirupna manusa teh pinuh ku kasangsaraan. Teu kaharti, naha nu matak jelema karokomohan teuing hirupna di dunya teh, dibelaan tega nganiaya ka pada kawula, soso-soso neangan kauntungan, keur naon ari henteu langgeng mah?”

Saur guruna, ”Eta mah anu kaliru bae, dupi nu terang kana dirina mah henteu kitu, hirupna di dunya teh sanes dipake sukan-sukan atawa ngumpulkeun dunya brana, namung dianggo ngalampahkeun kasaeaan, pahlana sampeureun engke upami parantos balik ka alam kalanggengan. Eta margina nu mawi roa jelema anu cul sama sakali nunda kana kadunyaan, wungkul ngilari jalan nu baris nyalametkeun kana dirina, upami parantos wangsul ka alam aherat.”

Rajaputra mindel henteu ngalahir, ngamanahan sakur nu geus kadangu jeung katingali ku anjeunna. Sagala kasangsaraan dunya nu geus katingali, saperti: masakat, kolot, gering jeung maot, kacida ngaleutikkeun manahna sarta yakin dina pangalihna yen teu perlu kasengsrem ku dunya teh, sabab sagala rupa nu disebut kangeunahan teh, ngan pikeun saheulaanan bae, ari nu langgeng tea mah nya eta alam baka. Jorojoy manahna palay ngulik ilmu kabatinan, malah ngaraos wegah mayunan kawajiban jeung kaagungan anu bakal tumiba ka anjeunna, nya eta jumeneng raja, ngaganti rama.

Samulihna ti nagara, mentas ningali kaayaanana nu sakitu matak sedihna, Pangeran Dipati taya deui emutanana ngan palay lesot tina kasangsaraan-kasangsaraan nu geus katingali tea. Bawaning ku hantem diemut-emut, nepi ka gilig dina manahna, moal kersa jadi raja, tapi rek miceun anjeun, nyingkahan sagala

rencana dunya anu matak nimbulkeun kasangsaraan tea.

Sakumaha panorahna ahli nujum nu lepus tea, henteu nyalahan. Pangeran Dipati manahna palay nunda kadunyaan geus teu beunang dihalangan. Ku sabab ku anjeunna kagalih, lamun wakca ka ibu-rama tangtu moal kawidianana, leos bae anjeunna ngalolos, ngantunkeun geureuhana anu sakitu dipikageugeutna jeung putra pameget hiji, kira-kira yuswa sataun. Panejana Rajaputra tinekanan, sabab engkena anjeunna teh jadi guruna mangrebu-rebu jelema, malah tuluy ngadegkeun agama anyar, anu dipunjung ku laksaan jelema nepi ka alam kiwari!”

Ki Sacawiguna jeung Ki Jayawiruna tarungkul, teu lemek sakemek; dongeng Mantri Jero teh kawas kacida nyerepna kana pikiranana eta dua jelema teh. Gawena ngan garogodeg bae, bari tingareh-eh. Barang geus rada lila, Ki Sacawiguna cengkat, pok ngomong, ”Masa Allah, kalintang saena eta dongeng teh, mani nyerep kana lelembutan bawaning ku kahartos. Te-tela jelema teh teu daya teu upaya!”

Ditempas ku Ki Jayawiruna, omongna, ”Yaktos, da kuring mah mani marurungkak bulu punduk ari inget kana pach teh!”

Saur Den Yogaswara, ”Tah, nya eta nu matak urang kudu eling tea oge, ulah katungkulkeun teuing ku haliah dunya, ulah nepi ka poho kana kaadilan. Geuning hirup di dunya teh ngan sakeudeung pisan. Tetenjoan kaula, paman teh sakurang-kurangna geus meh lima puluh taun nya umur, tapi siga acan seu-beuh keneh bae rumingkang di bumi alam teh. Tapi naon beubeunangan hirup, pibekeleun keur engke di kalanggengan? Cing ku paman inget-inget, loba mana ngalampahkeun kahadean, jeung nyieun kagorengan?”

Teu kanyahoan deui, gulang-gulang duanana rumpuyuk bae nyaruuh, bari ngarawu sampean Mantri Jero, aromongna bari dareuda, ”Duh, dunungan, teu kadararuga teuing kudu ngabinasa nu taya dosana. Nyanggeman soteh bawaning ku sieun bae. Moal, moal, muga ulah jamuga, lamun nepi ka tega ngarebut pati. Nuhun, nuhun kaburu emut!”

Den Yogaswara kacida kagetna, ningali pepetaanana eta

dua gulang-gulang, saurna, "Naha paman numatak karitu pe-ta, cik kaula bejaan!"

Daradad Ki Sacawiguna nyarita, silih tempas jeung Ki Jayawiruna, imeut pisan ti wiwitan nepi ka wekasan, taya nu kaliwat. Kakara Mantri Jero uninga nu sabenerna, nu matak anjeunna ditimbangan ka Pasir Uncal teh, sihareng keur aya dina perkara, pangdengkianna Mas Anggataruna.

Kakara kamanah, yen anjeunna teh katidaresa. Ras emut kana wangsit ramana. Den Yogaswara ngaraos hanjakal, dumeh geus ngarempak saur sepuh, sabab ieu fitnah teh sareatna mah siksaan ka salirana, dumeh geus lali kana jangji, ngabukakeun rasiah rama, nu sakitu dimulamancanana. Ku anjeunna ayeuna karaos mamalana, kasupataan ku wangsit rama, kasiku ku saur sepuh. Tapi dalah dikumaha, sabab geus kabawa ku kadar salirana, rara wirang tan wande disorang, peurih nyeri seja dilakonan. Cacakan upama anjeunna palay gancang leupas tina pitenah, matak naon geuwat bae unjukan ka Pangawulaan, yen Nyimas Ratnawulan teh bibi anjeunna, sabab sanajan dipapay oge ka Suniawenang moal dipungkir, wantuning puguh kenah rata-nana. Tapi tangtu kapaksa ngablekerkeun deui rasiah ramana. Jadi sanajan anjeunna salamet oge, ari matak rambat kamale ka sepuh mah taya gunana, sabab lamun kitu sarua bae jeung ngawadalkeun ibu-rama.

Raden Yogaswara gilig dina manahna, sanajan nepi ka nyan-dangan hukuman atawa nepi ka nemahan pati oge, moal rek unjukan ka Pangawulaan, seja tumamprak kana kadar salira bae.

Barang geus asak nya ngamanah, pok anjeunna sasauran ka gulang-gulang nu duaan, "Ayeuna kumaha pikarepeun paman teh? Ari cara kaula mah henteu rek baha, lamun geus nepi ka pastina undur ti dunya lantaran ku pitenah, moal dikumaha. Jeung ongkoh lila hirup oge cumah bae, sabab salilana kaula katotol jelema goreng jeung bisa jadi kaula nandang hukuman, lantaran saayeuna teu acan katoong kumaha nya pingaberesihaneun ngaran, sabab katerangan nu bakal nulungan kana diri, kudu dirasiahkeun!"

Cek Ki Sacawiguna bari ngalimba, "Emutan kuring mah

taya sanes, sangkan saira salamet, sae ngalolos bae. Keun ku kuring rek diunjukeun dihakan maung, atawa palid di walungan bae!”

Saur Den Yogaswara, ”Beu, taya petana, paman! Atuh beuki nyucud nurus tunjung, tangtu ngaran kaula terus gorengna, sabab lamun minggat, ciri kaula boga dosa. Ku ingetan kaula mah, kajeun nemahan hukuman, lalaki mah ulah jejerih ku pati. Keun bae da Gusti Allah mah teu kahalang-kaalingan, sугan moal enya nyiksa ka nu tanpa dosa. Lamun piwarangan geus katedunan, tangtu kaula balik deui rek masrahkeun diri; rek dibeureum, rek dihideung oge kumaha engke bae.”

## IX

Mantri Jero henteu iasaeun kulem, nyileuk bae nepi ka isuk. Wanci subuh anjeunna gugah, tuluy angkat ka walungan, abdas, pek netepan subuh. Sanggeus panonpoe bijil, bral deui angkat. Ti dinya mah geus deukeut ka Pasir Uncal teh, ngan kahalangan ku saleuweung deui. Beh anjeunna ningali sampalan ngeblak, di sisina aya lembur leutik, imahna oge meureun aya tilu suhunan mah. Di sampalan teh rendang pirang-pirang munding jeung domba, keur nyaratuan.

”Tuh, urang nyimpang heula ka lembur”, saur Mantri Jero, ”urang neangan dahareun heula!”

Tuluy tiluan nuju ka lembur, kabeneran nu baroga imah keur araya, keur nyarelang eureun heula tina pagaweanana — harita teh wanci pecat sawed — nyarianeut di tepas. Barang ret narenjo ka Mantri Jero, urang lembur teh siga kacida kageteunana, pakepuk ngampar samak, sabab maranehanana henteu samar deui, tangtu nu sumping teh menak, dumeuh diiring ku gulang-gulang. Katangen dina pasemonna jeung dina pepetaanana, nu baroga imah teh siga nu ngandung kareuwas, kasumpingan tatamu teh kacida garugupna.

”Sugan teh euweuh lembur,” cek ki Sacawiguna, ”hadena bae kapareng jalan ka dieu, sabab biasana mah lamun ngiring Pangawulaan rek bubujeng, jalan teh sok ka ditu, ka tukangeun

gunung itu, nu matak kakara ayeuna manggihan ieu lembur teh; kabeneran, paingan hayang jalan norobos!”

”Ieu teh geus lila aya lembur di dieu?” saur Den Yogaswara.

Walon nu dipariksa, ”Parantos lami!”

”Ari itu munding saha loba-loba teuing, dombana oge mani rayap, piraku jelema tilu kuren loba-loba teuing ingon-ingonna!”

Nu dipariksa ting haruleng, semu nu bingung pijawabeun. Ki Jayawiruna muntir kumis, nyieun pikagilaeun, omongna bari mundelik, ”Hayoh jawab, dipariksa teh caricing bae!”

Walon nu pangkolotna, ”Sumuhun kagungan juragan!”

”Juragan naon?” saur Mantri Jero.

”Sumuhun juragan nu di dayeuh!” walon nu dipariksa.

”Saha juragan nu di dayeuh teh?”

”Sumuhun juragan Jurusimpén!”

”Baruk juragan Jurusimpén?” saur Den Yogaswara.

”Sumuhun dawuh.”

”Naha loba-loba teuing mundingna, beunang ngabibit, atawa beunang ngagaleuh enengna?”

Bawaning ku sieun, daradad bae nu tunggu teh unjukan, yen eta munding, domba jeung embe nu sakitu lobana teh, lain beunang ngabibit, atawa beunang meuli, tapi kabéh oge paseba.

Ayeuna Mas Anggataruna kabuka rasiahna, nya eta salingkuh ka dunungan. Nurutkeun katerangna ti nu tunggu, lamun aya nu babakti teh tara diunjukeun kabéh ka Pangawulaan, tuluy disariwud bae ku Jurusimpén, sumawonna bangsa katuangan atawa barang nu raringkes mah, tara dilaporkeun kabéh. Atuh Mas Anggataruna teh kacida untungna, mundingna oge geus aya ratusna, sumawonna embe, domba mah mani sababaraha bu-buhan, sabab ongkoh nungtutan anak baranahan. Paingan Jurusimpén semu reuwas, waktu diwartosan rek angkat ka Pasir Uncal teh, meureun nya eta sieun katalungtik kaserongan.

Teu lila, sanggeus barangtuang, Mantri Jero angkat deui rek ngabujeng ka Pasir Uncal tea. Di jalan Ki Sacawiguna ngomong, ”Behna mah Mas Anggataruna teu beunang dipercaya,

nepi ka kumawani salingkuh kana kagungan Ratu. Atuh paingan sakitu beungharna, ari kitu jalanna mah,. Keun geura, engke oge buhbeh tembong kacuranganana!”

Kira wanci lohor, Mantri Jero jeung dua gulang-gulang geus sumping ka Pasir Uncal. Nu tungguna gancang muru, nyalikkeun. Tuluy Mantri Jero nyarioskeun maksudna nu matak anjeunna sumping, sanggeus tamat, pok mariksa, ”Kumaha loba uncal jaluna?”

”Anu mawi,” walon nu tunggu teh, ”kumargi sering ditungtut diala, rupina henteu sabaraha seueurna!”

”Naha nyebutkeun mindeng ditungtut diala, da Pangawulaan mah tara ngahaja-haja miwarang ngala uncal!”

Nu tunggu teh semu kaget, piunjukna, ”Piraku jisim abdi pindo damel, dina sausum ieu oge langkung sapuluh nu ditimbangan diala!”

”Ah, teu kaharti, da ka lebet mah tara aya lauk uncal nu datang, saha nu marentahna?” saur Mantri Jero.

Walon nu dipariksa, ”Juragan Jurusimpén.”

Ki Sacawiguna nembrong, omongna, ”Haaah, geus dua rupa ayeuna nu kaboker teh!”

Saur Mantri Jero, ”Kieu ayeuna mah, rek disidikkeun bae heula, engke sore urang intip, lamun loba keneh jaluna, timbalan Pangawulaan urang jalankeun.”

## X

Tunda heula Mantri Jero anu keur ngajalankeun timbalan Pangawulaan, kakocapkeun Ki Bulus. Ti sajigna indit ti padaleman, kacida manehna sedih pikirna, ambek nyedek tanaga midek, curucud bae bijil cimata, ngocomang ngomong sorangan, ”Naha Anggataruna, silaing teh kacida teuing, hiri dengki ka nu teu boga dosa. Lamun aing lain kaluaran pasantren, sia diteluh!”

Bari leumpang Ki Bulus henteu kendat mikiran piakaleun, sangkan Den Yogaswara bisa katulungan. Tina teu manggih bae bongbolongan, jorojoy aya pikiran rek nguninga bae ka ibu-ra-



mana, sугan eta iasaeun ngajait nu keur aya dina kaprihatinan. Jeung kitu hadena bae, lamun nu jadi pura keur aya dina karerepet, ramana perlu diuningaan. Ki Bulus ngarasa nanggung kawajiban, sabab lamun Mantri Jero nepi ka nemahan hukuman teh, tur ibu-ramana teu aruningaeun, manehna anu nandangan dosa lahir-batin, sabab manehna nu nyaho jeung ongkoh nu sejen mah moal aya nu daekeun ngabelaan.

Kabeneran Ki Bulus geus aya dua-tilu kalina ngadeuheus ka ibu-rama Den Yogaswara, upama dipiwarang ngalayad jeung mawa kikintun, jadi kana jalanna geus apaleun pisan. Sebrut bae manehna leumpang maju ngidul, muru ka lembur tempat ibu-ramana Mantri Jero calik.

Teu kacarita di jalanna Ki Bulus geus cunduk ka nu dijugjug, datang ka nu diteang. Ibu Den Yogaswara norojol ka luar, nyidikkeun nu pupuntenan, ari gok teh Ki Bulus, atuh garwa Ajengan mani haliweuhweuh, saurna, "Aeh, bagea teuing Ki Bulus! Kumaha ari si Ujang cageur? Iraha indit ti ditu?"

Ki Bulus didahdah-deuhdeuh teh merengut bae, ulatna mesum, ngawalonna ngan saungkab peundeuy, kitu oge teu puguh unina, ngan kadenge geremna bae, gek manehna diuk.

Ibu Den Yogaswara kaget manahna, dumeh popolahanana ki Bulus beda ti sasari. Luang ka tukang-tukang mah ulatna sok marahmay, ti kajauhan keneh oge geus nyerengeh bae seuri, jeung naha datangna lengoh bae, henteu rebo cara bareto?

Keur pahuleng-huleng kitu, torojol rama Den Yogaswara kaluar, dumeh ngadangu garwana wahwar-wehwer, saurna, "Aya saha, kawas aya semah jauh? Aeh geuning Bulus, geus lila?"

Ki Bulus ngagerem deui bae, maksudna mah meureun nyebut "sumuhun."

Saur ibuna Mantri Jero, "Nya eta abdi teh kaget, naha ieu Bulus kawas nu susah, cing pok nyarita, aya beja naon? Henteu teu damang mah Raden Mantri teh?"

Pok Ki Bulus nyarita, sorana haroshos, imeut pisan, sagalana rupa kanyaho manehna diuningakeun.

Segruk bae ibu Den Yogaswara nangis, saurna, "Aduh Gusti, anak abdi ngan hiji-hijina teh aya nu nganiaya. Duh Ujang,

ibu hayang papanggih heula, memeh maneh nandangan hukuman teh!”

Ari carogena mah mindel bae, teu ngalahir sakecap, socana baseuh, pangambungna beukah, mengkek kasedihan anu taya papadana.

Barang geus rada lila pok rama Den Yogaswara mariksa, la-hiranana, ”Sugan maneh nyaho, saha eta parekan teh jeung iraha si Ujang rek dihukumna?”

Walon Ki Bulus, ”Duka saha, mung wartosna bae urang Suniawenang, sareng duka iraha bade dihukumna mah, margi waktos abdi bade mios, henteu tiasa patepang heula sareng putra teh!”

”Baruk urang Suniawenang, saha ngaranna?” saur ibuna Den Yogaswara.

Ki Bulus, ”Duka ari jenenganana mah.”

”Lah anjeunna, abdi mah hayang papanggih heula! Emh, naha Ujang maneh teh goreng teuing sisit, beunang poporose hayang jeneng teh, geuning anggur rek nandangan hukuman!”

Saur rakana, ”Sing sabar Nyai, sing sabar, keun da Gusti Allah mah kawasa tur adil. Lamun enya si Ujang aya dosana, nya hukuman bagianana, tapi lamun henteu boga kasalahan, piraku dihukum teu puguh-puguh. Tapi sanajan kitu perlu ari ditepungan heula mah, kajeun urang nepi ka kaboker rasiah oge, sugan bae jadi lantaran bisa melaan anak. Upama geus nepi kana mistina, anak meunang hukuman, kitu deui urang meunang cilaka lantaran kabuka rasiah, kari sumerah kana kadar bae, keun da geus kolot ieuh! Barina ge, sanajan lila hirup, ari salawasna kudu susulumunan cara ayeuna mah, taya kangeunahanana.”

”Mangga atuh iraha urang angkat teh, si Ujang geus asa aya dina panon bae, bawaning ku parantos hayang geura gok tepang,” saur geureuhana.

”Isuk oge hayu urang miang, tapi ingetan akang leuwih hade urang nepungan heula Kiai Janggala, sabab eta teh geus kakoncara kaalimanana, urang nyuhunkeun jiadna, jeung sugan bae aya pituahna nu mangpaat, wantuning luhur elmuna,” walon rakana.

Tuluy ibu Den Yogaswara sasadiaan pikeun angkat. Ki Bulus

rada teger deui hatena sarta weleh ngaharep kana salametna nu keur titeuleum dina lautan bahya.

## XI.

Malikan deui carita, ti sabarang Mantri Jero angkat, Kangjeng Dalem ngadamel rengrengan, nya eta juragan Patih, Panghulu, Jaksa jeung Kaliwon, baris mariksa sakabeh rencang. Nu pangheulana disaur Mas Anggataruna, dawuhan Pangawulaan, "Coba paman, nyarita panjang kumaha nu matak paman bisa netepkeun yen si Yogaswara geus milampah cidra, kumawani ka si Ratnawulan!"

Walon Mas Anggataruna, "Margi seueur saksina bae anu nyaranggem ka abdi Dalem. Wirehing abdi Dalem rumaos jadi panakawan pangkolotna, eta wartos teh enggal disidikkeun, hayang terang yaktos-henteuna, reh ku abdi Dalem henteu kahartos, naon maksudna nu mawi pun Mantri Jero sering-sering teuing nepangan pun Parekan.

Abdi Dalem lajeng ngajurungan mata-mata, ngintip popolahanana pun Yogaswara. Kalintang matak ijidna, dugi ka abdi Dalem henteu wantun miunjuk saceplakna anu dicarioskeun ku pun mata-mata tea, margi sanes unjukeuneun ka nu jadi ratu. Malah upami perlu nganggo saksi, sayagi pisan, anu terangeun kana kalakuanana pun Mantri Jero teh, nya eta badegana pun Parekan, wasta pun Sailem. Eta mah terangeun saniskantenna waktos silih rangkul, silih . . . . .!"

Pangawulaan geuneuk pameunteuna, dawuhanana, "Meugeus paman, meugeus, teu perlu didadarkeun sagala rupana, ku kaula oge kaharti."

Mas Anggataruna repeh sarta meunang isin saeutik, dumeh unjukan nu kurang pantesna. Teu lila pok Pangawulaan nimbalan, dawuhanana, "Coba calukan kabeh rencang, sina asup hiji-hiji!"

Jurusimpen bijil ti pancaniti, ngumpulkeun kabeh panakawan. Memeh asup kabeh rencang diharewosan ku Mas Anggataruna, omongna, "Ati-ati sia, lamun henteu unjukan sakumaha papatah aing, sia ulah sambat kaniaya!"

Nu pangheulana disaur ngaran Astramanggala, gulang-gulang tukang ngajaga lawang. Piunjukna mindeng manehna nenjo Mantri Jero nganjang ka Nyi Ratnawulan.

"Iraha, poe naon, pukul sabaraha, jeung saha deui nu nyaho-eun waktu maneh manggih si Mantri Jero inditna?" saur Pangawulaan.

Ki Astramanggala ngahuleng, bingung pingajawabeun, wantuning ari bohong mah hese dilelempengna. Tungtungan unjukan sakainget bae, rasana kapalang, lamun ngabohong kudu diteruskeun, supaya ulah kaciri, pok unjukan tapi ayeuna henteu ngoncrang cara mimiti, rada arapap-eureupeup, "Sumuhun dawuh dinten Senen, kinten tabuh lima, eh tabuh genep, malah pun Sura oge terangeun, margi harita teh abdi Dalem nuju ngalantung sarengan."

"Senen mana, geus sabaraha bulan nepi ka ayeuna?" dawuhan Pangawulaan.

Leng deui bae Ki Astramanggala ngahuleng, barang geus manggih pijawabeun pok unjukan, "Sumuhun dawuh Senen pungkur, nembe sapuluh dinten antawisna ti dintenan Dampal Dalem jengkar."

Saur Pangawulaan, "Si Sura sina asup!"

Ki Astramanggala dipiwarang ka luar, sup Ki Sura asup, ulatna semu susah, bingung kumaha nya unjukan; upama haturan satarabasna yen henteu terang, sieun ku Mas Anggataruna, ari ngabohong nurutkeun papatahna Jurusimpén, teu kaduga, sieun kabitur, jadi ngan tinggal bingungna bae sagede gunung!

Dawuhan Pangawulaan, "Dina poe Senen pukul genep, kira-kira geus aya sapuluh poe ti waktu aing indit ka Mataram, enya maneh geus babarengan jeung Ki Astramanggala ngalantung di jalan?"

Ki Sura melengek semu kaget, piunjukna, "Bujeng-bujeng tiasa lumantung, waktos harita teh abdi Dalem teu tiasa kaluar-keluar acan, margi dina dintenan Dampal Dalem jengkar teh abdi Dalem disepak kuda, keuna kana lebah tuur, kenging satengah sasih teu tiasa leumpang."

"Maneh nyaho si Mantri Jero sok datang ka imahna si Ratnawulan?"

Walon Ki Sura, "Mung wartosna bae, dupi nyidikkeun pribados mah henteu."

Lolobana rencang pada nerangkeun yen geus nyaksian Mantri Jero mindeng datang ka imahna Nyi Ratnawulan, tapi kabeh oge ari dipariksa panjang mah, jawabna saperti Ki Astramanggala bae, taya nu cocog, wantuning rereana mah jijiunan. Aya oge nu enya nyahona, tapi ngan sasemet nangenan supna ka imah Nyi Ratnawulan bae, ari lampahna di jero imah mah teu aya nu bisa nerangkeun.

Nyi Sailem oge dipariksa, tapi ujukanana satarabasna bae, henteu dileuwihan. Enya ari Mantri Jero dirangkulana tea mah, tapi da bari diceungceurikan, malah ku Nyi Sailem kadenge waktu Mantri Jero ngagorowok nyebutkeun, "Atuh embi teh bibi abdi!" sabab harita teh manehna keur aya di dapur.

Pangawulaan kacida hemengna, ngamanahan ieu perkara, emutanana samar, aya percanten aya henteu kana dosana Den Yogaswara. Eta nu kacida ngewedkeun manahna mah, make ngaku bibi sagala.

Pok anjeunna nimbalan ka rengrengan, dawuhanana, "Cik kumaha timbangan arandika, sidik atawa henteu kasalahanana si Yogaswara? Coba Kaliwon heula nyarita, pedah ti antara nu aya di dieu, dina umur mah, andika nu pangkolotna!"

Cong Mas Kaliwon nyembah, piunjukna, "Emutan abdi Dalem parantos nyata dosana pun Mantri Jero. Saperkawis rereana saksi pada nerangkeun, yaktos pribadosna teh sok dongkap ka rorompokna Nyimas Ratnawulan. Kadua perkawis, piunjukna pun Sailem teu kenging dipercanten, margi pribadosna teh bade-gana pun Parekan, tiasa jadi sailon oge. Hal perkawis pun Yogaswara ngaku bibi, eta oge teu acan tiasa ditetepkeun leresna, margi teu mustahil eta teh akal, pipinding pikeun ngabunian kalakuanana nu serong. Emutan abdi Dalem ieu perkawis parantos ninggang kana angger-angger, *"Pur kuntul kari tunggul, lar gagak tinggal tunggak, tikus manjing eleng, katon buntute;* hartosna katindih ku kari-kari, katinggang ku drigama, beurit asup kana liang, tembong buntutna. Sapertos pun Mantri Jero, kari-kari pribadosna sering dongkap ka rorompokna pun Parekan, bet aya wartos nu teu kan-

tenan, nya moal naon deui maksadna teh kajabi ti bade milampah nu henteu pantes, lir ibarat beurit nu lebet kana liang tea sanajan dipungkir oge yen eta teh sanes beurit, moal aya nu percanten, margi sidik katingal buntutna!”

Kangjeng Dalem sajongongan mah henteu ngalahir. Barang geus lila pok nimbalan, ”Kumaha ari pikiran Jaksa?”

Juragan Jaksa pok unjukan, ”Mugi teu jadi rengating panggalih, rehing abdi Dalem bade unjukan sulaya sareng pamendakna pun Kaliwon. Yaktos pisan saksi-saksi roroana ngangken terang kana kalepatanana pun Mantri Jero, namung emutan abdi Dalem, eta katerangan-keterangan teh teu acan cekap pikeun netepkeun dosana pun Yogaswara, margina:

Saperkawis aya dua saksi anu piunjukna ngentengkeun ka pun Mantri Jero, nya eta pun Sailem sareng pun Sura;

Kadua perkawis sadaya saksi-saksi piunjukna teu aya nu sapagodis; kateranganana teu aya nu pacantel sareng baturna, malah pun Astramanggala mah kapendak bohongna teh, pribadosna ngangken sasarengan sareng pun Sura ningal pun Mantri Jero mios ka rorompokna pun Parekan, padahal pun Sura mah dina waktos harita teh nuju udur disepak kuda!

Kumargi eta abdi Dalem nyuhunkeun supados pun Mantri Jero dilepas tina perkawisna, margina angger-angger nu kapiunjuk ku pun Kaliwon pabentar sareng angger-angger ”niti darsa”, nu kieu unggelna tea:

*Hina harta, hina harti,  
hina pati, niti darsa,  
hina gugat tan saksine,  
sekar megar tanpa mangsa,  
tunjung tuwuh ing sela,  
kumbang kawareging santun,  
mabure tanpa puara.*

Dupi hartosna: Sanajan beunghar roa dunya barana, tetep hinana upami eta kabeungharan taya nu terangeun ti mana asalna; gaduh harti, tetep laipna, upami teu puguh guruna; maot tetep hinana, upami teu puguh agamana; kahinaanana

teu aya bentenna sareng nu ngagugat teu aya saksina! Sadayana aya dina kasamaran bae, misil kembang anu ligir, geuning taya nu terangeun mangsana; ibarat tarate jadi dina batu, teu aya nu terang saha nu melakna; sapertos odeng anu parantos seubeuheun sarining kembang, inditna tara mere beja!”

Pangawulaan rada bear budina, pok mariksa ka juragan Patih, ”Kari Patih ayeuna ngabijilan hojah, sabab timbangan Kaliwon jeung Jaksa pakia-kia!”

”Emutan abdi Dalem,” saur juragan Patih, ”pamendakna pun Jaksa langkung seueur sapatotosna sareng timbangan abdi Dalem. Ku margi eta emutan abdi Dalem, numutkeun angger-angger drigama mah, pun Mantri Jero henteu sidik kalepatanana!”

”Kumaha ari timbangan Panghulu?” saur Pangawulaan.

Walon juragan Panghulu, ”Sumuhun dawuh pariksa Dalem, sanajan numutkeun angger-angger drigama, pun Mantri Jero teh kirang sah kalepatanana, nanging moal nyacas kabersihanana dirina, upami henteu ninggang kana angger-angger adat, margina sadaya abdi-abdi anu parantos nyarangka awon ka pribadosna, ngaraos moal sugema hatena, upami henteu ngiring ngayakinkeun kana kabersihanana. Dampal Dalem muging tingali, sakieu diririkipna oge, ieu perkawis teh teu burung parantos jadi kembang carita. Abdi-abdi sadayeuh meh sadaya parantos terangeun sareng pada ngajeng-ngajeng kana ragragna putusan, margi abdi-abdi oge pada ngaraos samar, aya nu percanten aya nu henteu kana dosana pun Mantri Jero teh!”

”Kumaha atuh nya pikarepeun teh?” saur Pangawulaan.

Walon juragan Panghulu, ”Upami sapuk sareng manah, abdi Dalem gaduh emutan, ieu perkawis urang pasrahkeun kana putusan Nu Maha Kawasa bae, sakumaha tali paranti nu ilahar dijalankeun dugi ka kiwari, nya eta pun Mantri Jero dibantun ka leuwi Panereban, sina teuleum disarengan batok kohok, supados kasaksian ku abdi-abdi saeusi dayeuh, lempeng serongna pun Yogaswara. Yaktos bae pribadosna teu gaduh dosa, kantenan munculna deui saporantos batok kalem, yaktos bae gaduheun dosa, kantenan memeh batok titereb oge, tangtos pribadosna muncul manten, margi mungguh nu gaduh dosa mah, sanajan

palika, tukang teuleum, tara tiasaeun lami teuleumna dina waktos nedunan eta papanen mah, ngadak-ngadak enggal eungap, kawan-tos ieu mah sanes sateuleum-teuleumna, nanging neuleuman kaberesihan dirina!”

Pangawulaan urut marahmay teh rarayna surem deui, dawuhanana, ”Nya kumaha tali paranti bae, sanajan kula sorangan ngarasa, yen si Yogaswara kurang nyata dosana, ari nu sejen cangcaya keneh mah, bade sina nedunan angger-angger adat bae!”

## XII.

Kacaritakeun deui ibu-ramana Den Yogaswara, nu keur angkat ngabujeng ka pasantren Janggala. Angkatna teu kaur laju balas eureun-eureunan, malum geus sarepuh; kakara lalakon satengah poe oge ibu Den Yogaswara geus ngaraos kacida ripuhna. Sajalan-jalan ngeceblek bae, saurna, ”Eh, teungteuingeun teuing urang dayeuh, anak aing dituding-tuding, sina unggah bale watangan. Naha enya maneh teh Ujang, geus goreng laku lampah? Ke, dagoan heula ibu hayang papanggih heula, memeh maneh nemahan hukuman teh!”

Meunang dua peuting di jalanna, nu arangkat geus cunduk ka pasantren. Barang gok teh ibu-rama Den Yogaswara tepang jeung Kiai Abdulmugni, itu-ieu tingpelengek bae, taya nu iasa sasauran, ngaharuleng patingali-tingali silih teuteup pameunteu, bawaning ku kacida kagetna.

Geura, kumaha teu rek kacida kagetna, tepang jeung saderek nu geus sakitu lawasna papisah, tur dina tempat nu teu disangka-sangka! Boh Kiai Abdulmugni, boh ibu-ramana Den Yogaswara, raraosanana pamohalan iasa tepang deui teh, sabab geus pada niat miceun anjeun. Ari ayeuna gok papayun-payun pisan, atuh gabrug bae silih rangkul, bawaning ku kaliwat sono.

Naha saha atuh Kiai Abdulmugni teh?

Kiai Janggala teh saenyana mah nu ngumbara, nya eta Panghulu Suniawenang, anu lolos ti nagarana lantaran dibenduan ku Dalemna, dumeh disangka sailon jeung ramana Den Yogaswara. Ari eta Panghulu teh pernah saderek misan ka ramana Mantri Jero teh.



Ibu Den Yogaswara nangis, bawaning ku waas, emut ka jaman kapungkur, waktu keur lubak-libuk taya kakurang, dipianeh, dipiserab. Ari ayeuna nganclang di nagara deungeun, hirup susulumputan, sieun aya nu nganyahoankeun, wantuning jelema buron. Waktu tatamu sarumping, di bumi teh ngan aya Kiai bae, ari geureuhana jeung putrana mah keur aya di kebon.

Saur Raden Wirautama, "Masa Allah, naha kang, teu nyanten teuing urang bakal ditepangkeun deui! Kumaha margina numawi akang calik di dieu? Panginten rai mah Kiai Janggala teh sanes akang! Parantos lami ari nguping wartos tea mah yen di lembur Janggala aya guru anu kaceluk luhur elmuna. Jenengan Abdulmugni teh geus kautara, ka mana-mana, nanging teu gaduh sangka sacongo rambut, yen Kiai Abdulmugni teh akang buktina, margi nuju jadi Panghulu di Suniawenang mah kapan jenengan teh Hasan Ulama!"

Walon Kiai Abdulmugni, "Nya eta, kersaning Nu Maha Suci, naha urang teh samilik teuing!"

Daradad Kiai nyarioskeun lalampahanana, imeut pisan, lahirna, "Saparantos pun kakang datang ka ieu tempat, rehing bingung ku pilakueun, lajeng bae ngawuruk ngaji ka barudak urang lembur, lami-lami murid teh jadi ngalobaan, dongkap ka jadi pasantren nu sakieu agengna. Ari perkawis ngaran, ku pun kakang teh dihaja digentos, wantuning jelema buron, sieun aya nu nyusul. Nelah dongkap ka ayeuna nu nyarebat teh Abdulmugni bae."

Saur ramana Den Yogaswara, "Nuhun, kang, nuhun, katu-marimaan hate rai ka salira akang taya keur ngabandingkeun, anging Gusti Allah anu bakal maparin ganjaranana kana kasaeaan akang, margina sasatna akang nu numbu umur teh. Cacakan upami henteu kabujeng diwartosan mah, biheung kumaha pikajadianeunana. Mung aya kahanjakal teh, nya eta wireh akang kabantun sangsara; cacakan upami terang mah yen salira akang bakal kaba-wa-bawa, rai teh moal ngalolos!"

Walon Kiai, "Tina perkawis eta mah ku pun kakang tara diemut-emut sareng pun kakang henteu ngaraos hanjakal, sanajan diri pribadi kacacandak awon oge, margi parantos ngajalankeun

kawajiban anu ditibankeun ka manusa, nya eta nulungan nu bade cilaka. Ayeuna oge teu burung pinanggih sareng kasenangan. Ngan hawatos ku rai bae, Dalem Suniawenang, eta ku kenging kaangsonan, padahal pun kakang terang, yen anjeunna teh sae manah; kitu soteh bawaning kuatna nu ngarojong bae! Nanging upami anjeunna di ahir uningaen, yen urang teu baroga dosa, tangtu anjeunna ngaraos handeueulna teh!”

”Kumaha kang, sok ngadangu beja ti Suniawenang? Sayaktosna rai mah teu weleh kangen, wantuning lemah cai sorangan, sakitu parantos puluhan taun teu nincak-nincak teh, teu aya hilapna, beuki lami teh beuki emut bae, malah ieu mah rai istri, dugi ka sakapeung mah sok malaweung, kawas nu kaleleban sareng ongkoh ka behdieunakeun mah kaleleban ku anak.”

”Kaleleban ku **putra**?” saur Kiai Abdulmugni, ”naha kagungan putra, kapan **basa** di Suniawenang keneh mah teu acan kagungan putra!”

Paralak Raden Wirautama nyarios, silih tempas jeung geureuhana. Barang nepi ka lebah Den Yogaswara dipiwarang masantren, Kiai Abdulmugni nepak kana tekuk tatamu, saurna, ”Atuh paingan teuing pun kakang teh asa-asa ari putra mah! Paingan, teu kenging dipaling kareteging hate mah; barang gok oge pun kakang teh kaget, dumeh ceples pisan salira, nanging barang dipapay, teu daekeun nerangkeun nu saleresna, ngakukeunana teh anak tukang tani bae. Namung dina sajeroning kitu teh teu weleh bae pun kakang neundeun hate teu percanten, margina eta ari menak Suniawenang mah, sanajan aya di mana bae oge, moal burung katawis, sabab karagungan wanda sareng keureutan pameunteu anu teu aya di batur. Sareng aneh pun kakang teh terus nyaah saperti ka anak bae. Kitu deui sakitu parantos tebih, manehna henteu miceun ka pun kakang teh, malah upami pun kakang disaur ku Pangawulaan, mondok teh sok di putra. Saparantos jadi mantri, sok rajeun dongkap ka dieu, kawasna bae aya pikirna kadua leutik ka Si Nyai! Masa Allah, horeng Raden Mantri Jero teh putra!”

Walon Raden Wirautama, ”Nya eta nu mawi diomat-omatan ulah buka rasiah oge, malum bae rai teh sieun kanyahoan!”

"Sareng saha rencang sumping ka dieu teh?" saur Kiai.  
Walon ibuna Den Yogaswara, "Itu, sareng Ki Bulus, di dapur!"

Saur Kiai, "Aeh-ae, cik ka dieu Bulus, silaing nembongan!"  
Lol si Bulus nonghol tina panto bari seuri nyeregeh. Lahiran Kiai, "Heueuh, beuki beresih bae, lila ngumbara di dayeuh mah!"

Ibu Den Yogaswara kaseuit deui kaprihatinana, segruk nangis, lahirna, "Nya eta akang, numawi abdi dongkap ka dieu teh bade nyuhunkeun pitulung, wireh pun anak keur nuju aya dina karerepet, keuna ku perkara, dituding jinah sareng parekan Kangjeng Dalem, Emh, atuh abdi teh moal boga anak, margina tangtos dihukum pati. Cing kumaha ayeuna piakaleunana, sangkan pun anak tiasa salamet!"

Kiai Abdulmugni ngaranjug ngadangu cariosan ibu Den Yogaswara kitu teh, lahirna, "Teu kahartos, pun kakang mah weleh teu percanten Yogaswara gaduh kalakuan kitu. Eta ku sakitu bageurna, salamina aya di dieu taya pisan carekeunana, kana ngaji getol, kana papatah saregep sareng tuhu kana titahan, anuwari barang putra pamitan bade ka dayeuh teh, kacida pun kakang percayana, malah cek kayakinan hate, tangtu eta budak teh kaanggo kumawulana; buktina dugi tiasa jadi mantri! Ngan aya nu matak leutik hate teh saperkawis. Waktos Yogaswara masantren di dieu, manehna ngimpi, nya eta ngimpi ngala lauk di walungan. Keur kitu ningal durukan, lajeng manehna nyampeurkeun ngadon siduru. Nanging henteu kuateun lami, margi ngarasa lalieur sareng lalanjung. Eta impian ku pun kakang diteang dina kitabna, kaunggel pibalukareunana, nya eta Yogaswara teh bakal kumawula ka menak, nanging bakal kencing kateuraos ku pitenah. Boa ayeuna kabuktianana teh."

Barang keur gendu raos kitu, kurutak garwana Ajengan sumping ti kebon jeung putrana, Nyi Halimah tea. Barang gok oge ibu Nyi Halimah tepang jeung tatamu, gabrug bae silih rangkul, saurna bari nangis, "Euleuh ieu dulur aing, naha teu nginten teuing tiasa papendak deui!"

Nyi Halimah olohok bae, asalna mah teu ngaharti, naha nu matak ibuna kitu pepetaanana. Lila-lila putra Kiai ngadangu

tuturanana nu tetela; kacida Nyi Halimah milu sedihna, keuheul pacampur jeung watir. Ari nu matak keuheul, bongan Yogaswara dituding nyieun laku nu teu patut jeung parekan, rasana Nyi Halimah dipangnyolowedorkeun. Ari ras inget kana katineung. Nyi Halimah kacida prihatinna, sabab geus pada sumpah, moal daek ka nu sejen. Sabot ibu-ramana keur silih pedar kaayaan salira, Nyi Halimah nguliwed ka pipir, ngadon ngabudalkeun katugenahan pikir, cipanonna mani ngucur. Bawaning ku diwawawas, dipapantes teuing, bruhbreh ku Nyi Halimah katenjo sakur nu matak pikasediheun teh. Dina tetenjoanana, Den Yogaswara teh keur ngaringkuk dina panjara, pameunteuna pias kawas mayit, socana carelong, rambutna ngarerewig, salira kuru.

Nyi Halimah ngusap beungeut, reuwaseun teu kira-kira, dumeh tetenjoanana pikagilaeun, tuluy indit ka cai, sibeungeut.

Sanggeus asak badami, isukna bring tatamu jeung pribumi arangkat. Kitu deui Nyi Halimah, teu beunang dipondah, keukeuh hayang milu.

Sajajalan rama Den Yogaswara sasauran bae jeung Kiai Abdulmugni, lahiran Raden Wirautama, "Kumaha urang teh pi-petaeun, engke upami parantos dongkap ka dayeuh?"

Walon Kiai, "Manawi urang torojogan bae ngadeuheus ka Pangawulaan, margi pun kakang mah parantos kenal!"

"Nuhun atuh ari kitu mah," saur Raden Wirautama, "mung kumaha kinten-kintenna, iasa akang ngojayan pun anak nu keur titeuleum dina lautan bahya?"

"Duka, kumaha engke bae," walon Kiai Abdulmugni, "yaktos bae Yogaswara teu gaduheun dosa, piraku henteu kajaitna teh. Nanging upami nyoko dosana, teu wantun nyanggupan, kari pasrah bae, margi nu ngadamel kasalahan mah hukuman bagiana-na. Ayeuna mah sing ageng manah bae, keun da Gusti Allah mah kawasa ieuh, ana bade nyalametkeun mah matak naon nu gaduh dosa oge ditangtayungan, sumawonten nu beresih dirina mah, teu kedah dianggo kamelang."

"Yaktos pisan kitu," saur ramana Den Yogaswara, "rai mah tebih-tebih ngungsi soteh, ngan hayang papanggih heula bae, samemeh papisah teh hayang sosoan heula!"

### XIII.

Teu kacaritakeun di jalanna, kakocapkeun geus sarumping bae ka dayeuh, ngabarujeng ka alun-alun. Di dinya kabeneran aya gulang-gulang keur luntang-lantung, rupana bae ngalanglangan bisi aya nu rek ngadeuheusan.

Pok Kiai Abdulmugni mariksa ka gulang-gulang, lahirna, "Ari Pangawulaan aya?"

Jawab gulang-gulang, "Aya."

"Bisa lamun ngadeuheusan?"

"Anu mawi, kuring ngacancang di luar oge, nya eta bisi aya nu rek ngadeuheusan. Dinten ieu mah Pangawulaan teu iasaen nampi nu madekan. Dawuhanana kudu dituduhkeun ka juragan Patih bae."

"Euh kitu?" saur Kiai. "Ah, rek ka bumi juragan Mantri Jero bae heula."

"Anu mawi, ayeuna mah teu kening aya nu ngalayad," cek gulang-gulang, "malah dijagi, wantu keur aya dina perkara."

Saur ibuna Den Yogaswara, "Piraku indung-bapana mah teu meunang neang, puguh jauh-jauh dijugiug teh nya eta hayang papanggih heula, cik atuh pangngunjukkeun, salongok bae, geus hayang geura gok!"

Gulang-gulang teh semu kageteun, omongna, "Euh, ieu teh ibu-ramana? Cobi-cobi bae unjukan ka juragan Patih, panginten sageuy henteu kawidian."

Bring arangkat nuju ka kapatihan. Kabeneran juragan Patih keur aya di payun. Barang ret ningali ka Kiai Abdulmugni, anjeunna ngagupayan, sabab geus uningaeun, saurna, "Siga Kiai Janggala, aya naon ngabrul-ngabrul?"

Kiai Abdulmugni pok unjukan, gemet pisan cariosna.

Juragan Patih kageteun pisan, saurna ka Raden Wirautama, "Akang teh rakana Dalem Suniawenang?"

"Manawi dipercanten . . . . . " walon Raden Wirautama.

"Nuhun diparengkeun tepang," saur juragan Patih, "sayaktosna rai teh ti kapungkur hemeng ku kaayaan putra teh, wireh legegna sareng rupina, sanaos ngakukeun anak patani oge, siga

turunan. Kawuwuh tindak-rengkakna estu teu aya cawadeunana, numawi kalintang ngarenjagna, barang nguping aya lakuna nu teu patut teh. Teu acan lami perkawisna Yogaswara parantos diparios, malah numutkeun angger-anggeran drigama mah, kalepatanana henteu nyata, mung ku margi pangadilan, sajabina kedah mutuskeun drigama teh, kedah ngajalankeun angger-angger agama-na sareng adat deui, dina minggu payun Yogaswara bade dibantun ka Leuwi Panereban. Nanging duka, ayeuna mah kumaha timbalan Pangawulaan bae, margi eta mah sakadar pikeun ngaleungitkeun kacangcayaan, jalaran ku pangadilan drigama kapendak kirang nyata kalepatanana. Bari kaleresan akang sarumping teh, sakalian tiasa didamel saksi dina perkawisna Nyi Parekan, margina sanajan Yogaswara yaktos beresihna oge, manah Pangawulaan moal tibra, upami henteu sidik yen Parekan teh bibina Yogaswara.”

”Saha wastana?” saur ramana Den Yogaswara.

”Ratnawulan!” dawuhan juragan Patih.

”Atuh yaktos, eta mah pun adi,” lahir ibuna Den Yogaswara. ”Waktos ditilar ku jisim abdi, pribadosna masih keneh lanjang alit, yaktos pun adi, margi mung hiji-hijina gaduh dulur teh.”

Juragan Patih beuki marahmay bae bubudenna, tuluy nyaur gulang-gulang, nimbangan ngala Nyi Ratnawulan.

Teu lila Nyi Parekan geus datang, digendeng ku dua gulang-gulang, nyaroren gobang; abong-abong ka sakitan, mani digendeng ku duaan, sugan moal enya leupas!

Nyimas Ratnawulan ngantos di luar. Saur juragan Patih, ”Ka dieu, sina ka jero!”

Barang lol ge Nyi Parekan nonghol tina panto, ibuna Den Yogaswara lali kana tatakrama, ujug-ujug muru bae, kitu deui Nyimas Ratnawulan, poho di kaisin, gabrug bae silih rangkul, bari narangis.

Saur ibuna Den Yogaswara, ”Emh, Nyai teu nyana teuing, maneh aya di dieu jeung ku naon nu matak aya beja teu puguh, kapan Yogaswara teh sipat anak maneh?”

Nyi Parekan ngagukguk nangis, walonna bari dareuda, ”Nya eta . . . . . abdi teh . . . . . bawaning . . . . . hawatos ka aceuk sareng ka engkang bae . . . . . margi sanggem putra,

..... upami betus rasiah ..... matak cilaka ..... sarerea!"

Juragan Patih gogodeg bae ningali nu keur silih rangkul teh, kitu deui geureuhana jeung eusi bumi, pada kaget jeung pada marilu sedih.

"Nuhun," saur juragan Patih, "ayeuna mah kanyahoan ieu teh pitenah; antos, ayeuna oge rai rek ngadeuheus ka Pangawulaan!"

Tuluy juragan Patih dangdos, harita keneh jung angkat ka padaleman. Saniskara nu ku anjeunna kadangu jeung katingali, dipiunjuk ka Kangjeng Dalem. Pangawulaan kacida kaget manahna sarta bungah dina kalbuna, dawuhanana, "Gancang saur, sina ka darieu, hayang geura nyaho!"

Walon juragan Patih, "Unjuk sumangga, namung tadi teh aya panuhunna, manawi widi, haroyongeun nepangan heula pun Mantri Jero."

"Hade," dawuhan Pangawulaan, "engke bae pasosore, sina datang!"

Tuluy juragan Patih mulih, sasumpingna ka bumina, pok anjeunna sasauran ka tatamu, "Bilih bade nepangan putra mah taya pambenganana, mung engke pasosonten disaur ku Pangawulaan, palayeun uninga sareng bade papariksa!"

Ibu-rama Den Yogaswara kacida barungaheunana, lantaran tereh patepang jeung putra. Brul arangkat ka bumina Mantri Jero, dijajapkeun ku dua gulang-gulang.

Teu lila geus sarumping ka bumina Den Yogaswara. Dina golodogna aya nu keur dariuk lalaki tiluan; nilik kana papakeanana mah kawas pacalang. Nu dariuk teh karageteun narenjo aya tatamu mani ngabrul, gancang ku gulang-gulang nu ngiring teh dibejaan, yen nu sarumping teh ibu-ramana jeung wargina Mantri Jero.

Ibuna Den Yogaswara miheulaan unggahna ka tepas, nu dariuk teh sirikna teu dilengkahan bae, tuluy ngagentraan, "Ujang, ujang, buka panto, ieu ibu!"

Waktu ibuna jeung ramana sarumping, Mantri Jero keur ngagoler bae, ngemut-ngemut kadar salira, bari teu kendat neneda

ka Gusti Nu Mahasuci, supaya dijait tina kaprihatinan nu taya babandinganana.

Barang Den Yogaswara ngadangu aya nu ngagentraan, anjeunna ngorejat, gancang muru ka panto, ari bray teh panto muka . . . . . geuning ibuna!

Taya papadana bae Den Yogaswara kagagas manahna ningali ibuna sumping teh; eta ku geus sakitu sepuhna – salirana oge mani rangkebong – ari ayeuna ningali putra keur aya dina katinggaraan manah! Kawas kasesahan nu leuwih gede ti batan eta mah, hese neangan bangsana. Nu matak kacida ngajenghokna mah lantaran saterangna anjeunna teh teu pisan ngarep-ngarep kana sumpingna ibu-rama teh, puguh sakitu jauhna. Jeung deui moal diuningaan, sumawonna iasa salamet tina hukuman, sanajan nepi ka nemahan pati oge, moal ngawartosan, sabab ku anjeunna kagalih, pisakumahaen teuing nyerieunana manah ibu-ramana, upama aruningaeun putrana dihukum pati lantaran goreng kalakuan. Ajamanana Den Yogaswara, engke upama putusan geus ditibankeun sarta geus diembarkeun, anjeunna rek nyuhunkeun widi mulih heula sakeudeung, nepangan sepuhna – sabab ari rek dihukum pati mah sok ditanya pamenta heula – tapi ngan sakadar rek sosonoan bae, sabab nguninga mah, yen anjeunna mayunan hukuman, moal. Dimana engke geus mulih deui ka dayeuh, memeh nemahan hukuman, rek ngahaturkeun surat ka ibu-ramana, ngawartosan yen anjeunna geus pupus, anu nandana mah saha bae, supaya disangka surat ti nu sejen. Kitu deui moal disebutkeun pupus nemahan hukuman, sangkan ulah kacida teuing matak ngerikna. Nu matak aya maksud kitu, taya lian, ngan bawaning ku nyaah ka ibu-rama bae, palay ulah ngantunan pikanyerieun teuing, sabab ku Mantri Jero kagalih, upama ngan saukur diwartosan pupus biasa mah, kasedihanana ibu-ramana moal cara diuningaan pupus ku hukuman.

Ari ayeuna torojol sumping, moal salah deui, tangtu geus aruningaeun. Den Yogaswara nyuuh kana pangkon ibuna; ramana ngusapan mastakana, nu geus cipruk ku cisoca ibuna. Garwana Kiai Abdulmugni oge jeung putrana, Nyi Halimah, patingsalegruk, watir ka saderek jeung ka sifat putra, nu keur nandangan katung-



garaan manah sakitu gedena.

Barang geus leler, ibuna mariksa, bari mastakana Den Yogaswara dicengkatkeun, lahiranana, "Ujang, ieu ibu nu ngayugakeun maneh ka alam dunya; cik ibu rek nanya nu sabenerna, enya Ujang teh geus milampah kalakuan goreng?"

Den Yogaswara teu iasa ngajawab, pisaureun teh ngadak-ngadak nyelek, teu bisa kedal, ngan gigideug bae. Ari ret ningali ka gigir, aya Nyi Halimah. Mantri Jero peureum bawaning ku lingsem, emutanana, boa-boa Nyi Halimah ge milu nyangka goreng.

Bakating ku kajurung ku kalingsem, manah nu asalna sakitu ancurna teh, jadi teger deui, bijil deui kapercayaanana kana kabersihan salirana. Gek calik, kakeueung, kaseber teh, ngadak-ngadak leungit, pok nyarios, gentrana ngoncrang, saurna, "Sayaktosna henteu kedah dicarioskeun deui kaayaan dina hate abdi, kantenan ku ama sareng ku ibu oge kagalih. Disumpingan ku ama sareng ku ibu, miwah ku ieu Ajengan saputra-garwa, abdi ngaraos bingah campur sedih. Anu mawi bingah, wireh nuju aya dina karepet, dilayad. Dupi numawi sedih, rehing ama sareng ibu bakal ningali ku soca ku anjeun, abdi dikelat kana tihang panggantungan. Ari kana dosa abdi teh teu rumaos, namung sanaos mungkir dibelaan sumpah oge, taya paedahna, margi sanajan ku Pangadilan teu kapendak kalepatan, upami henteu nyumponan angger-angger Agama sareng adat mah, tinangtos nemahan hukuman. Ku margi eta abdi mah sumeja pasrah bae, kumambang kana pangersakeun Gusti Nu Maha Wisesa. Mung samemeh abdi dugi ka jangji, bade nyuhunkeun sih hapunten heula ka ama, rehing abdi parantos ngarempak wangsit, nya eta mukakeun rasiah nu kedah dipageuhan tea. Malah numawi diri abdi mendak cocobi nu sakieu agengna oge, sareatna mah keuna ku supata!"

Daradad Den Yogaswara nyarioskeun lalakonna, imeut pisan; ku ibu-ramana oge kagalih, yen pangna putrana keuna kupitenah teh, bongan mukakeun rasiah rama, sabab lamun henteu betus mah ka Nyi Ratnawulan, putrana moal dirangkalan sarta moal larbek teuing ka bumina Nyi Parekan; meureun nu rek nuding oge mundur deui, lantaran kurang loba kateranganana.

Walon ramana, "Dihampura pisan, ngan pamenta ama, Ujang ulah kapalang tawekal, tembongkeun kalalakian. Lamun enya maneh teu boga dosa, ulah mundur najan kudu nedunan angger-angger agama sapoe saratus kali oge. Sumawonna geus aya putusan kitu, sanajan euweuh, ku ama rek disuhunkeun ka Pangawulaan supaya maneh ngalakonan eta aturan, sangkan nyata kaberesihan awak maneh!"

Keur gunem catur kitu, jol aya gulang-gulang piwarangan ti lebet, ditimbangan ku Pangawulaan nyaur tatamu. Henteu talangke deui, bral ibu-rama Den Yogaswara, kitu deui Kiai Abdulmugni jeung garwana, arangkat ka padaleman, ngan Nyi Halimah anu ninggalkeun maneh teh, dadakuna mah isin, padahal sono ka beubeureuh bae. Sajengkarna ibu-rama, Nyi Halimah nyampeurkeun ka Den Yogaswara, pasemonna semu kacida mideudeuhna.

Saur Mantri Jero, "Emh, Neng, boa-boa moal kalaksanakeun lalamunan urang teh, geuning akang teh tereh nyieun poe bungsu-na, mulangkeun panyiraman!"

Nyi Halimah nyurucud cipanonna, walonna, "Mugi-mugi bae Gusti Allah kersa nangtayungan, piraku nyiksa nu taya dosa!"

"Naha Eneng percaya yen engkang teu boga dosa?" saur Den Yogaswara bari mencrong; socana Nyi Halimah dipelang, kawas palay noong kana jero manahna.

Nyi Halimah malik neutep, panonna mencrong kana socana Den Yogaswara, omongna, "Percanten!"

Mantri Jero ngaraos bunganggang bawaning ku bungah, sabab tadina mah sieun Nyi Halimah milu nyangka goreng, lahirna, "Sukur ari percaya mah, engkang mah asal dipercaya ku Eneng bae, keun nu sejen mah teu ngandeleun oge kana kaberesihan diri engkang!"

Nyi Halimah pok deui haturan, "Kang, geuning urang teh baraya!"

Mantri Jero kaget, saurna, "Baruk baraya, cik nyarios kumaha tuturanana?"

Pok Nyi Halimah nyarios sakumaha pamanggihna. Den Yogaswara rada lipur kaprihatinana, sasauran dina manahna, "Eh, lamun aing lila hirup, cacap temen kasukaan teh, nya kacintaan,

nya baraya pipamajikaneun teh!”

Ibu-ramana Den Yogaswara geus sumping ka padaleman, dicalikkeun di bumi. Pangawulaan gancang mariksa ka Kiai Abdulmugni, lahiranana, ”Bagea Kiai, geus lawas teuing teu aya embol-embol!” Bari ningali ka Raden Wirautama, Kangjeng Dalem mariksa, ”Nya ieu saderekna Dalem Suniawenang teh?”

Rama Den Yogaswara cong nyembah, walonna, ”Manawi Dampal Dalem percanten, sumuhun dawuh.”

”Nya eta,” dawuhan Pangawulaan, ”kenging carios teh ti Patih, kacida kagetna, panginten teh teu aya nu ngadon ngabuniaga. Harianeun Ajengan Janggala, naha henteu nerangkeun ti bareto yen wargi Dalem Suniawenang, boro disangka urang dieu bae, sumawonna ka ieu mah ka akang, teu sangka kabina-bina aya di dieu jeung naha nu matak ngabarunian anjeun teh, cobu carioskeun sajarahna. Patih mah rada kirang tetes nyariosna teh!”

Daradad Raden Wirautama unjukan lalakon salirana. Kangjeng Dalem bengong bae ngadangu carios tatamu teh. Sanggeus tamat nyarioskeun lalakonna, Raden Wirautama ngawuwuh piunjuk, pihaturna, ”Kumargi ayeuna pun anak disangka gaduh dosa, sakalintang abdi Dalem isinna, satiasa-tiasa hayang ngaliputan tapakna, dibelaan abdi Dalem tikoro andon peso; bilih Dampal Dalem teu percanten kana piunjuk abdi Dalem, unjuk sumangga miwarang maluruh bae ka Suniawenang. Sanaos abdi Dalem kedah dicaoskeun oge, dibabandang sapertos buron, sakersa tinumutan kalayan kaiklasan!”

Pangawulaan gogodeg bae, saurna, ”Kutan kitu, kakara ayeuna terang anu saenyana mah kana sajarah salira teh! Hal Yogaswara mah teu kudu dianggo kasalempang, sabab ku rai oge teu kapendak lepatna, rek disina teuleum di Leuwi Panereban soteh, supaya tambah nyata kaberesihanana bae, kitu oge lamun katimbang perlu, ayeuna mah moal, seep percaya!”

Piunjuk Raden Wirautama, ”Sembah sewu nuhun, aya lahiran kitu, namung emutan abdi Dalem, peryogi pun anak sina nedunan angger-angger agama sareng adat; saperkawis pikeun nibrakeun hatena abdi-abdi nu ngaraos cangcaya kana kaberesihanana pun anak, kadua perkawis pikeun kayakinan abdi Dalem yen yaktos

gaduh anak teh henteu awon lampahna. Margina abdi Dalem papisah sareng pun anak teh parantos sakitu lamina, henteu nangel kana kapengkuhanana, mapan aya dongeng nu bogoh ka indung, sapertos Sangkuriang, ieu oge teu mustahil mikawani ka bibi, lantaran henteu terang!”

”Leres, kawasna sae kitu bae, supaya pada balungbang timur, ulah aya buntutna di ahir,” saur Kangjeng Dalem.

Sanggeusna nu ngadeuheusan budal, Kangjeng Dalem nyaur juragan Patih, dicandak barempag, perlu henteuna ngintunkeun utusan ka Suniawenang.

Piunjuk juragan Patih, ”Emutan abdi Dalem mah perlu bae, saperkawis pun Parekan tiasa kakumbah sadaya rereged anu dibalurkeun kana dirina, margina ku nu awon hatena mah upami pun Parekan ku Dampal Dalem disambat deui, tur henteu aya sarat-saratna nu tiasa meresihan dirina, kantenan dijajadikeun deui bae. Kahartos, tangtos kitu pibalukareunana teh, margina saha nu terang, biheung teuing tatamu nu ngangken saderek ka Pangawulaan Suniawenang teh unjukan henteu sayaktosna, akon-akon, malar pun Yogaswara sareng pun Parekan tiasa lesot tina hukuman! Kadua perkawis, beuki atra katingalina kahasudanana jelema nu ngajajadikeun ieu perkawis. Emutan abdi Dalem eta oge ulah diantep, margi satungtung di Nagara Tengah aya nu kitu, moal towong panyerewedan!”

Dawuhan Pangawulaan, ”Puguh bae kudu dihukum. Tetela nu nyieun onar teh Anggataruna. Eta jelema teu nyana goreng hatena, coba kula nepi ka kagegeringan mikiran nu teu puguh. Jaba ti eta manehna geus ngawiwirang dua jelema anu teu nyata dosana. Tapi saayeuna mah si Anggataruna ulah rek diharu-biru, dagokeun bae nepi ka ieu perkara rengse!”

#### XIV

Kacaritakeun beja geus kautara ka sanagara, yen dina poe nu geus ditangtukeun, di dayeuh rek nibankeun hukuman ka Mantri Jero, anu geus disangka nyieun peta hina jeung parekan Pangawulaan. Di dayeuh bende taya repehna, ngeungkeungan

saban isuk, saban sore, nguaran yen dina poe eta teh kabeh jalma kudu kumpul di alun-alun, baris nyaksian putusan pangadilan nu rek diragragkeun ka Mantri Jero. Kitu deui sanggeus nibankeun putusan, sakabeh jelema dimistikeun arindit ka Leuwi Panereban, baris nyaksian Mantri Jero nedunan angger-angger adat, nya eta teuleum dibarengan batok kohok, sakumaha nu geus biasa dijalankeun di Nagara Tengah, lamun putusan Pangadilan kurang nyu-gemakeunana pikiran rahayat.

Barang geus tepi kana waktuna, Mantri Jero dipapagkeun ti bumina ku perjurit opat puluh, lengkep pakarangna. Isuk keneh oge di alun-alun geus ngaliud jelema mangratus-ratus, hayang ngadarengé putusanana perkara anu sakitu matak ngageunjeung-keunana. Leugeudeut iringan Mantri Jero angkat ti bumina, diabring ku perjurit sakitu lobana; di pungkureunana ngabrul ibu-ramana. Kiai Abdulmugni jeung garwa-putrana, angkatna tungkul, ulatna maresum.

Di tengah alun-alun geus sadia papanggungan leutik, dipapaes ku daun caringin jeung rupa-rupa lawon warna-warna rupana, kitu deui baris pangcalikan Kangjeng Dalem geus disadiakeun. Barang geus ninggang kana waktuna, Pangawulaan lungsur ti padaleman, diiring ku upacara. Dina handapeun papanggungan geus kumpul para priyayi jeung para ulama, sumawonna reng-rengan pangadilan mah, nya eta Panghulu, Jaksa jeung Kaliwon, sarumpingna pangheulana.

Tuluy Pangawulaan mancat kana papanggungan, burudul priyayi nu sejen ngiring pandeuri. Jelema di alun-alun lobana tanpa wilangan, kabeh pada nyanghareup ka papanggungan, marasangeun ceuli, sieun dawuhan henteu tetela kadengena.

Teu lila gorowok juragan Jaksa maos putusan, kieu unina:

”Nagara jadi baruntak, anu miskin tambah miskin, taya lian lantaran ti pasendatan!

Sungut sambung lemek, suku sambung leumpang, nurutkeun angger-anggeraning drigama, putusan bale watan-gan, kaula jaksa perdata tujuh jeung opat paliwarana, mere terang ka sugri nu karumpul sarta menta disakseni, yen Raden Yogaswara, Mantri Jero Nagara Tengah, nu geus di-

tuding nyidreng resmina Nyimas Ratnawulan, parekan luluhur Nagara Tengah, dibatalkeun tina perkarana, lantaran kurang nyata kasalahanana. Muga sarerea pada terang. Amin!"

"Nyakseni, nyakseni!" cek sakabeh jelema saur manuk.

Geus kitu jung juragan Panghulu ngadeg, gorowok deui anjeunna sasauran tarik ka sakur nu karumpul:

"Sungut sambung lemek, suku sambung leumpang, nurutkeun angger-anggeraning agama jeung adat, kaula panghulu agung, wawakil panatagama, menta disakseni, yen Raden Yogaswara, Mantri Jero Nagara Tengah, nu geus dituding nyidreng resmina Nyimas Ratnawulan, parekan luluhur Nagara Tengah, sanajan nurutkeun drigama dibatalkeun perkarana, agama jeung adat menta upama: Nurutkeun galur karuhun, ngukuhan tali paranti, sangkan sidik, sangkan yakin, nu disangka tanpa dosa, kudu teuleum di walungan, neuleuman kaberesihan dirina. Ku sabab eta hayu urang pada miang, muru ka sisi Cikembang, dina Leuwi Panereban!"

"Nyakseni! nyakseni!" ceuk jelema loba.

Jut Kangjeng Dalem lungsur, kitu deui rengrengan pada ninggalkeun papanggungan, ngiring Kangjeng Dalem. Di jalan geus disadiakeun titihan, sabab rek terus angkat ka Leuwi Panereban tea.

Kitu deui jelema loba, barudal ti alun-alun, paheula-heula muru ka Leuwi Panereban, wantuning pada hayang nyaksian, kaberesihanana Mantri Jero.

Ti isuk keneh oge di sisi Leuwi Panereban geus ngaleuya jelema aya ratusna, anu rek lalajo Nagara ngajalankeun kaadilan, katambahan deui ku nu kakara daratang ti alun-alun, atuh sapanjangna leuwi, peuntas ditu, peuntas dieu, geus pinuh ku jelema, kolot-budak, awewe-lalaki.

Burudul aleutan perjurit nu ngaping Mantri Jero cunduk, teu lila Pangawulaan jeung rengrenganana sarumping. Barang geus sadia, juragan Panghulu, ngaos dunga, ngadeg di sisi leuwi, mayun ka kiblat. Satutupna ngaos dunga, pok anjeunna sasauran, gentrana ditarikkeun. Jelema kabeh repeh, nu kadenge ngan seakna cai palid bae.

Saur juragan Panghulu,

"Sungut sambung lemek, suku sambung leumpang,

kaula panghulu agung, wawakil panatagama,

neda panaksen, agungna ka Gusti Allah nu maha wisesa  
jembarna ka sakur nu hadir, batinna ka Nu Ngayuga, lahirna  
ka bumi-langit, ka banyu, ka kayu jeung ka watu, lamun enya  
Raden Yogaswara beresih dirina, singna kebel teuleumna,  
ulah muncul samemeh Sang Batok Kohok titereb!"

Sakur nu ngadenge pada muringkak bulu punduk, komo nu  
karunyaen ka nu rek nemahanana mah, pada ngarasa sedih.  
Sumawonna ibuna mah teu tiasa ningali, manahna karaosna ancur,  
bawaning ku watir ka putra. Kumaha lamun mumbul memeh  
batok titeuleum?

Memeh ancrub. Mantri Jero diudaran heula panganggona,  
ngan kari lancingan bae. Nu lalajo ronghok, pasedek-sedek, hayang  
awas ka nu rek teuleum tea. Crub Den Yogaswara ancrub, ngaraas  
ka beh tengah; barang geus nepi ka nu rada jero, juragan Panghulu  
oge lungsur ka cai, tapi di nu deet bae, bari nyandak batok  
beunang ngohokan, leutik pisan liangna.

Memeh prak, anjeunna ngaos dunga deui. Taya papadana bae  
nya kaketiran; jelema nu sakitu reana teh taya nu lemek sakemek;  
malah seakna cai palid oge teu kadenge, kabeh pada cengeng ka nu  
saperkara tea bae. Cai dina leuwi katenjona semu hejo, ngajum-  
bleng matak pikakeueungeun.

Barang geus sadia, juragan Panghulu maparin tangara yen geus  
nincak waktuna. Lep Den Yogaswara teuleum, kitu deui batok,  
bareng pisan diteundeunna dina cai, burial cai asup tina liangna,  
batok teh lalaunan kalem. Sakabeh nu narenjo pada narahan  
ambekan, ret kana batok, ret ka nu teuleum. Batok teh beuki jero  
kalemna; dina palebah nu teuleum, ngerebek cai teh ngaburial ka  
luhur. Cai dina jero batok geus lebleban rek nepi kana biwirna,  
kitu deui dina palebah nu teuleum, ngaburialna cai beuki rosa.  
Dina palebah dinya mah loba nu peureum, bawaning ku paur,  
sieun nu teuleum mumbul samemeh batok titereb.

Kersana Nu Maha Kawasa, netelakeun Yogaswara teu boga  
dosa, teu lila lep bae batok teh kalem; ger jelema surak, mani asa



kaindit, bakating ku milu atoh, dumeuh batok kalem samemeuh nu teuleum muncul tina jero cai, jadi sarerea pada yakin, yen Mantri Jero teu boga dosa. Teu acan eureun nu surak, Den Yogaswara bul, mumbul, bari mura-murakeun cai, tuluy ngojay ka sisi. Jelema beuki rame surakna, malah aya nu ngalung-ngalung totopongna, bawaning ku milu atoh ka nu salamet tina bahaya. Ari Mantri Jero, eukeur mah eungap, mentas teuleum sakitu ilana, katambah jeung kagagas manah, ningali jelema sakitu lobana nu keur salusurakan mintonkeun kabungahanana. Bru bae anjeunna ngalumpuruk di sisi leuwi, nyampay dina jukut. Teu kanyahoan deui ibuna ti tonggoh muru, gabrug bae nu keur ngagoler teh dirangkul, digugulung bari ditangisan. Teu lila jol ramana jeung Kiai Abdulmugni, nu keur nahnay teh dipayang ku duaan, dicandak ka darat. Pangawulaan oge gancang ngabujeng, katara dina pameuteuna, sedih pacampur bungah. Dawuhanana, "Yogaswara, jalma satia, gede temen dosana jelema nu geus hianat ka maneh. Muga-muga Gusti Maha Kawasa males kana kadengkianana!"

Leugeudeut jelema nu mangratus-ratus teh baralik ti sisi leuwi; Mantri Jero ditumpakkeun kana titihan Pangawulaan, kitu deui ibu-ramana jeung Kiai Janggala dihaturannan tutunggan.

Den Yogaswara jeung ibu-ramana, kitu deui Kiai saputra garwa, teu kawidian mulih ka bumina, tapi dipernahkeun di padaleman bae, dimumule dihadé-hadé, tuang-leueut sukan-sukan.

Lain Den Yogaswara jeung ibu-ramana bae nu keur digunturan kabungahan teh, tapi Pangawulaan jeung sakabéh anu harade hatena ka Mantri Jero oge pada milu suka, ngan Mas Anggataruna, Mas Kaliwon jeung rencang-rencang anu sailon jeung maranehanana, nu samagaha pikir teh, isin, sieun sagala aya. Jurusimpen geus teu ngeunah dahar, teu ngeunah sare, sagala teu mirasa, cek babasan tea mah, kejo oge karasana asa catang bobo, cai asa tuak bari, bawaning ku susah. Ari Mas Kaliwon hanjelu sagede gunung, daek dibawa kana kagorengan, mindeng pisan manehna gegeléndeng, omongna, "Da kang Anggataruna nu mawa kana teu puguh teh. Hanjakal teuing bareto make dihaminan, geus bae nangkeup mawa eunyeuh." Kitu deui rencang-rencang nu geus sapongkol jeung Jurusimpen, gawena ting hareluk, ting harintul bae, ngarasa



bakal kaboker rasiahna. Mas Anggataruna mah komo deui, wantuning nu boga hojah, kacida pisan sumpeg hatena, sabab ti waktu harita, ku Pangawulaan tara ditarik, tara ditakon. Paingan aya paribasa: nu borok dirorjok, nu titeuleum disimbeuhan, dasar bentangna Mas Anggataruna geus surem, rencang-rencang nu tadina sailon jeung manehna teh, ayeuna mah pada nukang-nong-gong, sabab sarerea geus meunang beja, yen Jurusimpén dibenduan ku Pangawulaan, terkadang nandangan hukuman. Tuluy bae arunjukan ka Pangawulaan yen maranehanana diomongan ku Jurusimpén, bari tarotobatan piunjukna, daraek soteh kajurung ku kasieun bae. Atuh sagala rasiah Mas Anggataruna budal, sumawonna Ki Sacawiguna jeung Jayawiruna mah, kitu deui patunggun Pasir Uncal jeung nu dititipan ingon-ingon ku Juru-simpén tea, pada unjukan, sabab Mantri Jero mah teu kaburu dipariksa, wantuning tadi oge dipiwarang indit teh ngan supaya njingkah bae. Pangawulaan mah ngan kaget bae dina sajeroning manahna, tina henteu nyangka Mas Anggataruna teh sakitu jahatna. Barang nu arunjukan geus imeut. Kangjeng Dalem miwarang ka juragan Patih, supaya Mas Anggataruna ditangkep bae, diasupkeun ka pangberokan.

Barang eta beja geus kautara, di dayeuh mungguh geunjeung, taya nu teu kaget, sabab Mas Anggataruna teh sakitu dipikaserabna, ari ayeuna kabejakeun diberok.

Di pangberokan Mas Anggataruna gawena ngan inghak-inghakan bae ceurik, hanjakal kana kalakuanana. Mindeng pisan manehna gegeroan, "Kaliwon, akang tulungan, pangnebuskeun, pangnebuskeun!"

Cek nu ngaromong, "Tah, picontoeun, nu matak ulah sok hasud ka batur oge, bisi tamiang meulit ka bitis!"

## XV.

Tunda pangeusi Nagara Tengah nu anyar nyorang rupa-rupa kasedihan, kocapkeun Dalem Suniawenang. Barang anjeunna geus lila marentahna nagara, ngungngeng aya dadanguan anu matak handeueul kana manahna, bruhbreh mendakan katerangan anu

netelakeun yen rakana, anu ku anjeunna rek dibinasa tea, kitu deui saderekna misan, Panghulu nu lolos, saenyana teu karagun-ganeun dosa. Beuki lila, beuki yakin, yen anjeunna teh atah sasar, kalejokeun ku nu bohong, percanten kana omongan jijiyeunan. Pangawulaan teh ngaraos kagungan dosa gede kabina-bina; upama anjeunna emut, teu ngeunah tuang teu ngeunah kulem. Mindeng pisan Dalem Suniawenang miwarangan nyaksrak di nagara, atawa ngintunkeun jelema ka nagara sejen, neangan saderekna, tapi weleh taya nu bisa manggihkeun.

Dina keur susah-susah kitu, jol aya piwarangan Dalem Nagara Tengah, mawa surat. Pangawulaan kaget dina manahna, nampi serat ti Dalem Nagara Tengah teh, sabab sakitu jauhna, tur teu aya lantaran geusan susuratan. Ari diaos, bet nyarioskeun yen di Nagara Tengah aya dua jelema nu ngakukeun saderekna, nu saurang jenengan Raden Wirautama, nu saurang deui ngaku saderek misan, kakasihna Raden Hasan Ulama, malah ngakuna urut Panghulu. Pangawulaan teh ngan sirik henteu surak bae, bawaning ku bingah panggalih. Eukeur mah sakitu kangenna ka saderek nu lolos teh, ayeuna diwartosan aya keneh di kieuna, atuh kabungahanana ngagunung-gunung, dumeuh bakal iasa mundut dihampura, ngalebur dosa.

Henteu talangke deui, tuluy anjeunna nimbangan ka papatihna sasadiaan baris angkat ka Nagara Tengah sarta teu lila antarana Dalem Suniawenang geus jengkar, diiring ku para rencang, kitu deui nyandak pirang-pirang priyayi.

Kakocapkeun geus nepi bae ka Nagara Tengah. Kabeneran ramana Mantri Jero teu acan mulih; barang gok teh tepang jeung rakana, Dalem Suniawenang teu antaparah deui, bruk bae nyuuhan kana teku rakana, mundut dihapunten sagala kalepatanana. Nu niringali harookeun bae; ayeuna mah taya nu cangcaya deui, pada percaya yen enya ramana Mantri Jero teh saderekna Dalem Suniawenang.

Pikeun mintonkeun kabungahan manah, Dalem Nagara Tengah nimbangan sasadiaan baris pesta. Padaleman dibebetek, kitu deui di alun-alun geus pinuh ku papajangan, dihias ku rupa-rupa perhiasan. Sagala tatabeuhan diayakeun, jelema ti suklakna ti

siklukna pada kumpul, laiajo pesta. Ger ngangkat karia, ari nu dipangantenkeunana Mantri Jero, sakalian ditikahkeun ka Nyi Halimah, bebenena keur jaman di pasantren keneh, jadi garwaan ka saderek mindo. Pangurusna Pangawulaan ka Mantri Jero saperti ka putra ku anjeun bae sarta harita teh Den Yogaswara teras ditaekkeun pangkatna jadi kapala cutak, dipaparin kalungguhan ngabawah somah saratus kuren.

Sanggeusna pesta lekasan, Kangjeng Dalem Suniawenang pamit rek mulih sarta rakana jeung saderekna misan, nya eta ramana Den Yogaswara jeung Kiai Abdulmugni, keukeuh dicandak mulih ka Suniawenang, rek disenangkeun salilana aranjeunna jumeneng, minangka panyombo kateuraosan, anu dilantarankeun ku salira anjeunna.

Eukeur mah nu ngalumbara teh geus paralayeun mulih ka bali geusan ngajadina, ayeuna aya nu mapagkeun, atuh taya hinggana bae barungaheunana teh. Sanajan aranjeunna di Nagara Tengah pinanggih jeung kasenangan oge, teu weudeu bae, palay mulih ka lemah cai mah. Mantri Jero oge ku Dalem Suniawenang dipundut rek dicandak mulih, tapi Dalem Nagara Tengah ngawagel, lahiranana, "Mugi rai Dalem percanten, pun kakang mikanyaah ka Yogaswara teh moal benten sareng rai Dalem, mugi ulah mang-mang manah putra rai Dalem, anak pun kakang!"

Samemehna papisah jeung ibu-ramana, Den Yogaswara sosoan heula. Saur ibuna, "Heg Ujang, ku ibu didungakeun, saterusna sing saralamet, balang-bengsalna mah geus kasorang, kari mulus rahayuna!"

Ka mantuna ibu Den Yogaswara kieu wuwurukna, "Sing lulus Nyai, jeung salaki teh da lain nu sejen, tunggal dulur keneh, sing tawekal aya di pangumbaraan, sing beunang dipake sulur ibu!"

Samulihna tatamu, Kangjeng Dalem nyaaur rengrengan, rek marios perkarana Mas Anggataruna.

Nurutkeun papariksaan, kasalahan Jurusimpen teh aya tilu rupa.

Saperkara manehna geus nyieun pitenah ka Mantri Jero sarta upama eta pitenah tea teu kaburu kahalangan, nu dipitenahkeunana bisa nemahan pati;

kadua perkara manehna geus nitah, kalawan mere upah ka dua gulang-gulang, supaya Mantri Jero direbut patina;

katilu perkara Mas Anggataruna teh geus wani gasab kana kagungan Pangawulaan.

Tah sakitu lobana dosa Mas Anggataruna teh!

Nurutkeun timbangan rengrengan, dosana Jurusimpen nu dua rupa, beunang dikeunaan hukuman nu kasebut dina angger-angger: *Hutang pati bayar pati, hutang wirang bayar wirang*. Tapi ku lantaran ngahutangkeunana pati henteu kaburu kajadian, Mas Anggataruna teh ngan sukur didakwa ngahutangkeun wirang bae, jadi hukumanana oge ngan saukur dibales wirang deui, nya eta beuheungna dikongkorongan tambang, diider-ider di sajero dayeuh, beungeutna dicerong jeung buukna digundulan sabeulah.

Ari dosana ngagasab kagungan Kangjeng Dalem mah asup kana angger-angger nu beurat pisan hukumanana, nu kieu ungelna: *Sadom araning baraja, sakunang araning geni, sakepeng artaning ratu, hukume tugeling gulu*. Hartina: sanajan jarum ari kasebutna pakarang, sanajan ngan sakolenyay ari seuneu, sanajan sapeser ari duit kagungan ratu, eta kabeh sarua bahyana; lamun kumawani, beuheung pigantieunana.

Ari Mas Anggataruna geus wani gasab kana kagungan Pangawulan, mistina dihukum pati, dibobontot (dipalidkeun hirup-hirup) atawa digantung.

Den Yogaswara ngadangu putusan pengadilan sakitu beuratna teh kacida ngahelas manahna, hawatos ka Jurusimpen. Sanajan manehna geus ngajuligan oge, tapi ari kana kahadeanana mah Den Yogaswara henteu lali, sabab ku anjeunna kaemut, lamun henteu dijeujeuhkeun ku Mas Anggataruna, acan puguh meunang kamulyaan cara ayeuna.

Ku sabab eta Den Yogaswara ngaraos kawajiban gede pisan, ngajait Mas Anggataruna tina pati; itung-itung males kahadeanana bareto. Tuluy anjeunna ngadeuheus ka Pangawulaan, semu nu susah, piunjukna: "Numawi abdi Dalem marek ka payuneun Dampal Dalem, wireh nguping wartos, pun Jurusimpen ku Pengadilan parantos ditibanan hukum pati. Sakalintang abdi Dalem ngahelasna hate, rehing emut kana kasaenanana. Yaktos pun

Anggataruna teh parantos hiri dengki ka abdi Dalem, namung kalepatanana ku abdi Dalem parantos dihapunten lahir-batin. Taya sanes tina margi emut kana kasaeana bae, rehing abdi Dalem pang tiasa kumureb ka Dampal Dalem teh, lantaran pribadosna. Kawuwuh salamina abdi Dalem ngarencang, jadi tukang kuda sareng tukang epok, pribadosna kalintang mikanyaahna ka abdi Dalem, anu mawi sakalintang sedihna nguping wartos pribadosna kenging hukuman nu sakitu abotna!”

”Enya, tapi kajahatan si Anggataruna lain mitenahkeun maneh bae,” saur Pangawulaan, ”tapi geus wani ngagasab banda dunungan deui!”

Piunjuk Den Yogaswara, ”Sumuhun dawuh, namung titingalan abdi Dalem, sadayana nu disalingkuh ku pun Jurusimpén, teu acan roa nu ical, jadi pribadosna teh nedana hasil tina kaserongana mung nembe sakadarna. Eta mah etang-etang pamulang kana jasa bae, wireh pribadosna teh parantos sakitu lamina kumawula ka Dampal Dalem. Manawi henteu jadi sesendu, abdi Dalem nyuhunkeun bobot pangayon timbang taraju Dampal Dalem, supados pun Anggataruna digentos hukumanana nu sakitu abotna, ku siksaan nu langkung enteng!”

Pangawulaan mindel, ewed ngamanahan piunjukna Raden Yogaswara. Barang geus kaemut, tuluy nimbalan ka Jaksa, supaya putusan pengadilan perkara Anggataruna, ulah waka diembarkeun. Isukna Pangawulaan miwarang ngayakeun rengrengan deui sarta Den Yogaswara ditimbalan ngawakcikeun panuhunna di payuneun rengrengan, saperti nu geus kaunjuk ka anjeunna. Mas Kaliwon kacida bungaheunana dumeh saderekna aya pangharepan meunang kaentengan, ngomong di jero hatena, ”Nya bener satria ieu jelema teh, teu nyana nu dilandi ku aing si Manyang-munyang teh jelema mulya, luhur martabatna!”

Jaksa oge ngabenerkeun kana timbanganana Den Yogaswara, sabab saterangna mah kabeh kapala oge kahutangan kahadean ku Jurusimpén teh. Malum bae nu beunghar, tur beunang dipake panyaluhan sakalieun ari butuh. Cindekna rengrengan mupakat, hukuman Mas Anggataruna diganti ku nu rada enteng. Demi putusanana nya eta: Mas Anggataruna teh ditundung, teu meunang

aya di wewengkon Nagara Tengah sarta rajakayana dijabel jadi milik Nagara, dibagikeun ka pakir-miskin.

Atuh Jurusimpén téh muluntu pisan, cek wiwilanganana, papakean oge ngan saraket awak. Eta hukuman sanajan leuwih enteng batan hukum pati, tapi pikeun Mas Anggataruna mah karasana beurat keneh bae, wantuning nu sakitu asal lubak-libukna ari ayeuna sajaba ti kudu nganclang di nagara deungeun téh, kapaksa hirup ku panyukup gede ku pamere.

Ari Den Yogaswara tambah kāmulyanana, luhur harkat, gede berkat, jeung geureuha geugeut-layeut, ku dunungan beuki tambah dipikaheman. Kitu deui sifat ibuna, Nyimas Ratnawulan, ku Pangawulaan beuki dieugeuh-eugeuh bae, dipideudeuh, dipineneh.

Ari Ki Bulus?

Manehna oge meunang kasenangan saumur hirupna, sabab sagala rajakaya ramana Den Yogaswara dipaparinkeun ka Ki Bulus, ganjaran kana kabelaanana.

TAMAT



bp

PN BALAI PUSTAKA — JAKARTA

Perpustakaan  
Jenderal

899

M

